Kunang sang Thenu, sang Nandhini ngaran ira. Sira ta lumra ing bhūmi, mandadi ya lēmbhu lanang wadon. Gho santana sakweh ing sapi wadhak paśu mungging wana. Mangkana Tantra carita ngaran ira. Lingan ta, mapa ta nimittanta wruh ika kabeh? Ika atita naghata warthamana? Ndan nahan tang atita warthamana pajarakēnan inghulun. Pahenak ta rēngōnta, sangkeng nithiśastra atita naghata warthamana. Ika atita, uni huwus. I ya ta adērwyatita naghata warthamana. Mwah nya patahan linganta? Ika nagareki. Nagara ning tuha-tuha śri maharaja i ngke.

*‘Wibhūti maya wakṣa pusta phala sobhi taryya puri,
prahrēsthara karyya matya gajapati sangkya kula,
suwarnṇa maṇi kangśa gamrasi loha wastran wita,
wikasi ripu purggam adri warakaraja kula’.*

Tuha-tuha śri maharaja, ring atita kala, maharaja dewatha Śri Ikṣwa-kula ngaran ira. Nagara nireki Pathaliputra. Halēp nikang

nagara tucapa-kēna; gēnēp paripurṇa tang sapta sarajya, gēnēp ika catur wangśa, guṇa jana pada, mwan sargga, sadhana nira i tarang alas Andhakawana, ulihnya kayu dinwal nira dadi bēras, wrēddhinya dadi mās, dinwal ira tinumbasakēn ing bhāṇḍa, mawēkasan sira srēsthī brahmaṇa. Dadi makweh lēmbhu nira mwan bhāṇḍa, mabanyaga ring deśa nikang madhyadeśa.

Mapa kunang ikang kāla, umara ta sira rikang udhyana ni Mālawa, amawa dwal nira. Rawuh ikang padhati, meh miwu, lungha lampah ira. Haneka ikang gunung jurang alas kahawan de nira.

Hana alas masamīpa gunung ikang udhyani Mālawa, masamīpa lwah walahār mahēning, wwenya madrēs, ulamnya makweh, gangan kayu makweh. Ri tirah nikang alas burwan asangkēp: wek, kidhang, mañjangan, kañcil, banteng, wadhak, mwan mrēggha taru, wre, lutung, kukang, wu-rang utan, huwa-huwa, bhughō, luwak, lagarang, walangkapan, landhak, tēludhu, baruwang, macan, macan tutul, macan rerang, macan kumbang, mwan gajah, warak. Tampaknya makweh dunungan ing padhati. I kang mungging dalem, lyan tang rumakṣa. I kang mabwat bhāṇḍanya, kang tan mulya ri heng, kunang ikang mulya ya ta parēk ing sira rinakṣa. Maka hētu nira rumuhuna tingkah, sabharyan ḍatēng ing panginēpan.

Ri ḍatēng ning padhati kabeh, samatingkah unggwanya. Mangke pwa ikang gunung tan katon, gulung ikang Nandhaka tan katon ika. Ya ta tinakwanakēn ira, winarah sira yan kari ng alas. Mangke sangsayan nghel, tan bisa mintar ya sakeng nggwanya. Mawali ta sira mwah, ingiring ing ambho nira.

Katon pwa sang brahmaṇa ḍatēng de sang Nandhaka, mojar i dalēm atinya: “Ḍatēng ya sang Dharmaswami mangke. Ulahnya atyanta papa karma. Nguni ri kalanya darīdra dūhka, nghulun ḍatēng ya mulanya mabhāṇḍa banyaga kayu. Dadi ya bēras, bēras dadi mās. Nghulun mamwat bhāṇḍanya miḍēr ing deśa. Krama dadi lēmbhu rwa tēlu, sapuluh satus, meh miwu, padha sarat dening bhāṇḍanya. Tēkap inghulun durung winehnya nginak-inaka; aywa ta inghulun nginak-inaka? Madhangan amatra, sakeng lēmbhu kabeh. Tan sama, balik pwa nghulun binwatan de-wek, atēhēr ta dērwe kinatiknya winwatku. Haring lingnya, ikang lēmbhu iki manuh akrāl, mangkin binwatanya. Dharmma ta ring ulah mangkana? Tan dharmma śwami kapwa”. Mangkana ling nikang Nandhaka ri dalēm twasnya.

Mangkin parēk mwan sang Dharmmaswami, malela mata nikang Nandhaka, tēhēr gumētēr awaknya, mari puyuk mapi mamēkasi hurip. Ḍatēng ta sang Dharmmaswami, tumurun sakeng turangga

nira. Tumangi-si sang Nandhaka, mucap ikang Nandhaka ri atinya: “Hewa-hewa kari-kāku sang papa swami, tangeh aku yan tan pameta karanangku sahasa ke ri ya. Mangkin ta ya umadēgakēn wulatnya niyama ngangsur-angsur, ambēknya. Kinakwakēn sukunya, mamēkasi hurip, ling ning tuminghali ri ya”. Mangkin sang Dharmmaswami manangis, tēhēr kumon inghulun sira kalih, wungkuk, ngaran si Sinēt lawan si Tēka: “AUM wungkukku kalih, tasyasih ikang Nandhaka. Tunggu pwa denta. Kunang yan ahurip, wawa ta denta ring udhyani Malawa, sakawasa ning bhāṇḍanya. Mati pwa ya, tuhu pwa pintēn sangsaranya, asing sira umaliwat ikang alas, pasuhanta dhana sawakanya. Bhagyā yan sang paṇḍhita maminta dhana sira, maka don asiddha yatra yan inghulun, mwang haywa ning bhāṇḍa banyaga. Ndan ikang bhāṇḍa masimpēni juga ndan wawa, tathāpi ya tan kawata apana bwat ikang padhati dening bhāṇḍa. Ndan mangher ta kita kalih, rakṣa ikang bhāṇḍa mwang Nandhaka. Ngwang maring pakukwan, ring beñjang aku mintar sangke rika”. Lēs lunghā ta sang Dharmmaswami. Kari ta si Sinēt, lawan si Tēka, matunggu ikang wrēsabha.

Si Tēka pwa ya ngucap: “Ndah si Sinēt, hulun iki kalih kinon atunggwa Nandhaka, matangyan warasanya manggala. Matangyan mapan sēdhang mangidēp marana juga ya, malawas pwa tan intar ikeng alas. Wisthinya, apan pangētetan ing duṣṭā juga tang alas. Katēmu pwa kita kalih dening duṣṭā, tinarkka kita tunggu derwya mulya pinatyan kita lan aku, inalap ikang drēwya. Yadyapin malaywa peta hurip kita lan aku, masa tan ungsinēn dening duṣṭā. Wēdinya warahakēna rupanya mwang namanya, apan tan len wani ning nagara, ikang malakwa mangabet. Ya ta nimittanya tan panghuripi tumaha ning hana wruha.

Nguni-nguni kang bhaya len sangke janma, mwah ika dening mrēga wyaghra. Kalinganya ta tinggalakēna husēn iki lēmbhu. Ya rika likuh iki kaka, pakṣangku matanggēha ri sang dwija, dadi kita magēlēm. Kangēn pwa mangke bhaya nika, mwang nayan inghulun. Kalinganya aywa masowe mēngpēng adoh kahanan sang brahmaṇa. Lah ta mangkat”. Mangkana sahumya si Sinēt.

Majar pwa si Tēka: “Hana upayangku, ndah ta timbun kayu, tinunu ikang kayu. Huwusnya pwa ya murub, tāngkat. Huwus mangkana ta ya katon kukusnya sakeng doh, cihnanta yan tuhu”. Mangkana ta lingnya. Manumpuk ta ya kayu, ndi ta unggwanya numpuk kayu? Ikang Nandhaka, ri kahuragana kayu. Haywa, ila-ila bhaya, ghowatya ngaranya bapa, sama lawan brahmaṇa atya. Mamati brahmaṇa padhanya. Tumpuk ta ring adoh. Ndah urubakēn tang apuy. Murub pwa

ya tininggal ya. Ri huwusnya hantu kira-kira, si Tēka mwanng si Sinēt huwus murub ikang kayu tinimbunya lungha pwa ya kalih. Angucap si Tēka, lingnya: “Lah sipine ta mara unggwa ning Nandhaka, uculana talai-talina, haywa maler tatalinya, mwanng sawednya”. Mangrēngō sang Nandhaka pangucapnya si Tēka, umingēt pwa ya. Sampunyan sah ikang tali mwanng sawednya, lēs lunghā pwa ya kalih, si Tēka lan si Sinēt. Wawu mungkur pwa kalih, mogha ta lungha sang Nandhaka, mawungu lumumpat ya ring alas. Lēpas lakunya si Tēka lan si Sinēt, datēng kahanan sang brahmaṇa, majar yan huwus mati kang lēmbhu.

Ndan tinghalan tang apuy de sang dwija, kumukus katon saka ngke, nihan ika tunwan ikang wrēsabha de sang paṇdhita. I kang bhāṇḍa winot maka dākṣina nira.

“Nimittan inghulun tuminghalakēna turung ing simpēn sang Nandhaka, wēdi ning pinaka nghulun taryyan de sang brahmaṇa. Mapan dūrggama niking alas mawēdi ta rahadyan sanghulun, aksaya malwang tang paricara, matya pinaka nghulun”. Mangkana ling niking kawula kalih, sumahur sang brahmaṇa: “AUM anaku si Nēt mwanng si Tēka, huwusa ning karyantānaku. I kang padhati kabeh sapakonēn mintarā. Aywa sowe”.

Ya ta sumīghrakēn padhati mangkat, sang Dharmmaśwamī mwah sira mintar, kadi ratu mangdon halēp nika, dening kweh ing gulingan ira.

Tucapa ta sira ring margga kalanganya dening sarāt kāla, sēla ning kapat kalima, tumibā tang hudan pisan sapēkēn. Manghurip ikang Nandhaka, parituṣṭa katibān hudan, mamangan ta ya dukut mahijwa lēmēs, manginum wwe. Sangsayan ujwala manahnya, masiga mahas ing deśa udhyana Mālawa.

=ITI NANDHAKA PRAKARANA, PRATAMA SARGGA TANTRI KATHA PURWWAKA WIWAHA=.

Mangkana ng Nandhakaprakarana. Ri huwusnya mahas ing alas, kapanggih dening Srēggala wala, kabala dening sang Singha Candha Pinggala. Ya ta samitra lawan sang Singha, ramya pamitra ning sang Singha lawan Nandhaka. Pinisunākēn dening Sambhada Srēggala, patih sang Singha.

Matangyan sangang puluh ikang *Nandhakaprakarana*, maka hingan pati nika kalih. Gumanti *Pakṣiprakarana*, sangang puluh carita mwah, duk ikang maruk amet rathanya. Ri lungha sang Garudha tumut ri Bhaṭara Wiṣṇu mamutēr sagara. Gumanti *Mandhukaprakarana*,

sangang puluh carita mwah, ri kāla ning sang Nagaraja, samitra lawan Mandhukaraja, maka wēkasan pati. Gumanti tang *Piśācaprakarana*, sangang puluh carita mwah ri kala ning Piśācāmet ratunya, sēdēng ning manginum rāh, mangan wangke ning kang rakṣasa mapērang lawan dewata, marēbut amrēta ulih Hyang Wiṣṇu mamutēr sagara.

Matangyan tēlung atus nēm puluh piṇḍha carita, ri patang prakarana: *Mandhukaprakarana*, *Piśācaprakarana*, *Pakṣiprakarana*. Ika ta kabeh padha mijil sakeng nithiśastra saha ślokanya, ri kāla ning Mandhukaraja samitra lawan Nagaraja.

“Akēsēl hulun akatha, sugyan śri maharaja kabaribinan sira mrēm”. Mangkana ling Dyah Tantri, amwit ikang wel mijil mwan tumaha ry ulah śri maharaja. Tandwa ri huwus mijil ikang wel, śri maharajātanghi. Ling sira: “Dyah Tantri, mahuwusan sira katha ndan wēdi baribinan inghulun mrēm? Taha ibu, sasowenta katha turung nghulun aturu, arṣa kami rumēngō saraṣa ning carita mwan ri panibakēn śloka. Sawēngi nghulun tan pamrēm angrēngō caritanta. Ndah mah sēpah tamba aringku nghel makatha. Meh tumibeng prahara rwa patēngah ing tinisa pra prahara, liwat mangko.

Sēdēng nidra ikang wwan, inghulun lawan kita turung amrēm wruh ta kalingan ika tinunggu ring ratih manmata turung pinuja. Huwus kita nguni ng sabha kala ning pinuja, Bhaṭareśwara maṇḍhēl sira kalih pinuja. Ri wahu ning wwan ring grēha pawarangan, Bhaṭara Wiṣṇu mwan Bhaṭari Śri praja patēmwan ingwang kalih. Sangkan ing nghel ning hulun, tan pamuja ri Bhaṭara Smara mwan Bhaṭari Ratih, mangke ngwan manghurana puja hila-hila.

Mangke pwa nghulun mamuja tēka kita krama ning ratih manmata mat pinaka pradhana, akahaman iran. Ndah nihan ta patni ning parthama swargga. Kengētakēna jati nira, mwan swabhawanya; nguni ri prawrētinya, ika ta tisthanya, gandhanya, cumbhana mwan bhuṣana, krama ning bhāṇḍa winodhana. Mapa kapinggingan te ri ya? Swabhawa Tantri kulaja, sulajña wira ngumulahakēna krama.

Ndah prathama ratri mangke, kāla ning citri winodhana. Huwus ta kita wruh ri yanti ning krama, gumacitri ning krama, tumūt ikang sangkini, wēkasan ing asthī krama. Tumunggalakēna kadya pathi ning krama. Padha ta ya madrēwya andhā matangyan wwolu krama ning jati pāt, yata kāla ning catur yāma”. Mangkana ta upadeśa Śri Eśwaryyaphala ring Dyah Tantri. Wruh ta sira yan śastraparaga, nguni-nguni pangupadeśa sang natha.

Ndan śri maharaja, mangkin umwana ikang raga karana, mijil ikang kama norata ning sira, satingkah ing kamatantra linēkasakēn ira. Mapa ta krama ning mapanggih, lawan sama widagdha ring kriya?

Kadi patēmu ning wadwan sēdēng acaryya, siwa boddha ri sandhi, macodya maparihara, ri sowe ning sastra tan pēgatan ing raṣa.

An mahēm mamet wiphalasa, antya dandhakāra, saha guywa-guywa gawe liṣyan, kuminaranakēn raśmi ning waja pinghe, ri huwus ning kinangan māngde raśminya saha lambe, raśmi ning śabdha pet-pet raṣa, ubhaya raga karaṇan kapanggih ing raṣa ring jinēm idēp ira. Mangkana ta sang wruh rasmi ning sanggama, tēmbē nira katēkan sasadyan ira manggēlar kamatantra.

Tangeh hēntya kagēlaran ing cumbhana krama, apan ta wēnangan ing dina, mwang nagata niragirēhan ing gumantyaana ring wiwaha. Hetu nira mijila, sacari huwus ira sūryyaśewana, masangkalpa juga sira ring pahōman. Mijil ta sirāsung śewa ring taṇdha rakryan. Kapanggih ikang manangkil ing sira, malinggih ta śri maharaja ring singhasana, huwus sumanggraha dhampa, tumrap tang padmaṣana kanaka ratna patrādan, rum mandadyačēn raga karaṇa. Mantuk sirāsēmu arip, majarakēn kurang nirā-nidra mangrēngō carita. Mañjing śri maharaja ring pagulingan, sweca nira tinēkan, puput anidra.

Puput anidra mawungu sira, ḍatēng ing paśocan, anulya amuja. Mwah manadžah ta sira sadraṣa. Ri huwus ira anaḍah, mungguh sira ring pagulingan, mwah ta sira maminta makathakēna tutugan ing carita. Mangkana ulah śri maharaja.

Ri tēka ning sang Tantri, kinwan ira carita, sakāla carita ring wēnginya. Mangkana puput sanggama winidhana, ya ta hetu Śri Maharaja Eśwaryyaphala, mari wiwahakaryya, sangke kawicaksanan Dyah Tantri. Haneka de nira suka ring pañcendriya sang natha.

Tucapakēna śri maharaja, maminta putusa ning carita nangkēn wēngi. Sajña śri maharaja.

“He Dyah Tantri, haywa ta rakryan sinanggih pri nghel”. Mangkana ling śri maharaja. Sumahur Dyah Tantri: “Sajña aji, tan sangsaya parameśwara. Don ing paṭik aji marēk ing jēng parameśwara, manēkanana kasukan parameśwara. Ndah mahenaka ta mangrēngō aji. Ri pasang sargga nikang Nandhaka mwang Singha.

*‘Wadak manā mahā sneha,
jambhu konati lundhenā,*

*singha wrēsabha howane,
tayoh sca dwipanasanam’.*

Byakta mapasih-pasihan ikang Singha lawan wrēsabha Nandhaka. Salaku selwan i rikang alas ring udhyani Mālawa, maka wēkasan mati kang Nandhaka lawan Singha si Candha Pinggala maka karaṇa sang sargga lawan murkka, ikang asu alas patih ika kang aran Sambadha.

Mangke karēngō de śri maharaja; ri huwus ikang wrēsabha si Nandhaka hurip, mahas pwa ring madhya ning alas ring udhyani Mālawa. Kapanggih ta dening Srēggala bala sangghya, asu alas akweh bala ning sang Singha si Candha Pinggala, maka patih si Sambadha.

Ikang patih kari umarēk i sang Singha si Candha Pinggala, ikang jambhuka bala tumēmu ng sang Nandhaka, kumon ta ya mangsana kramanya. Kinabehan ta ya inalup ginurumung, mahyun pwa sahasānahuta. Kepwan ta manah ikang Nandhaka, tinampuhnya tēka sakarēpnya sakarēk de nira. Bubar malaywa wēdinya kasinghata. Hana tēka sake wuri, winaliyanya kagyat sumamburat, linudnya ring panggalanya.

Mangkin kawēs ikang Srēggala bala, hana kalēbu ring jurang, lyan mangēne parangan, hana mati hana dingkēl. Seşanya malayu matūr ring tuwānya ring sang Singha Candha Pinggala. Lingnya:

“Hatur paṭik aji, ring paduka sang ahulun, ri gati paṭik aji mahas ing wana, mameta burwan katur eng paduka sang ahulun, amanggih paṭik aji burwan apurwwa. tēmēn ing paṭik aji umulat mangkana rupanya. Agēng mahirēng, sungunya pañjang malaṇḍēp, tēnggēk ipun agēng, tēhēr wēwērut. Sanyasa paṭik aji sumahut angambulana, kakarttalan ipun anēmpuh ing paṭik aji. Tēhēr mangēmbusan manggēnēs saha śwara anggala yaya karungwing akaśa śwaranya. Dening ghora śwaranya, kagyat katawurag malaywasasaran sakweh ing bala paṭik aji. Hana kalēbwing lwah, ring jurang adalēm, mangēnani parangan. Alwang pējah lyan tikēl. Ikang mahurip, seşan ipun, marēk ing paṭik aji, umatur ing paduka rahadyan sanghulun. Mwang rahadyan sanghulun rakryan apatih.

Kaścaryyan sang Candha Pinggala mangrēngō ta karttalan ikang Nandhaka, atur ing srēggala sangghya. Sumahur patih Sambadha, gumuyu paceh: “Ah Ah wismaya nghulun mangrēngō aturta ring sang prabhu.

Lukan mudhanta, denta wēdi ghoraśabdha, denta hina śakti, kurang prabhawa. Ndah ngong pacaritakēn kita kabeh. Rēngō denta.

Hana nguni ring usana, ring Kusambhinagara. Kunang wōka sang ratu sang siniwi ngkana maharaja Śri Wiṣṇu Guptha ngaran ira. Sinuku ta sira dening śatru, catur nagara: saka wetan, saka kidul, saka kulon, saka lor. Malawas ta sirāpērang, padha śakti nira, sama rodra. Wēkasan tinēm-puh ing bala alara tekang saka wetan, sañjata tabēh-tabēhan mwang kēṇḍang agung śwaranya lwir bubulang pratiwi, yaya rugang akaśa dening śabdha nikang kēṇḍang. Antyanta saghora śabdhanya. Enak pamūk ikang bala, ilang ikang sakeng pūrwwa, mwah winuk

sakarēk de nira. Mwah winuk ikang saka kidul. Ilang ikang kidul, mwang tang saka kulon, tinēmpuh ing wira yodha. Brastha tan pasara, kawēs giri-girin, mangrēngō śabdha ghora.

Ilang saka lor winuk nira, malayu tan hana puliha, sama wēdi ing ghora śabdhanya. Akweh tekang wwang pējah, kahadang nghulun mareng paprangan, warēg mami mangan wangke ning matyapērang. Tan sapira sukangku mamangan kunapa; anghing paran ati ning hulun maharēp ikang magēng śabdhanya.

Huwus ing karya pērang, mari ya rinaksa, ikang magēng śabdhanya ika. Ya ta pinanganku ikang ghora śabdhanya, binabakku tutuknya sinahutku sēngit, meñjing aku ring jronya. Salah asa aku denya, mangucap taku śloka:

*'Srutthe watu śabdhā, maniye anja tuna wrētam,
hanu prawisiya janamī, atha dharmma cada rucā'.*

Nguni mangrēngō aku śabdhanya, idēpku pira-piranganya. Kweh ning dagingnya, waduknya kunang. Mañjing taku ring jro, tan hana kapanggih saisinya. Anghing kayu lawan kulit.

Matangyan haywa wēdi ring śabdha ghora, hina sakti pwa bhawanta. Lunghā tekang srēggala sahananya mahas ing wana, umet i kahanan sang Nandhaka. Manghet śwara nikang grodha padhapa manongi jara hēning, majro jurangnya, ngkana padyusan sang Nandhaka.

Ryuwusnyādyus sang Nandhaka, mēntas angēteti swar ning grodha. Tēka pwa ikang srēggala bala mangalup. Mangadēg ta sang Nandhaka, mangēmbusan, tēhēr maning atunur, bibal ikang lēmah. Mangasah-asahanya sunghu. Nagatang srēggala marēk sang ture tuwanya sang Singha Candha Pinggala.

Datēng ta sang Singha, mawēdi maparēk ya, tumuli manantwa. Lingnya: “He kita satwa, syapa ngaranta? Aścaryyan hulun tumon ing kita. Tambenya ḍatēng irikeng wana? Atyanta dūrggama ning iking sabhan inghulun. Iki Singha si Candha Pinggala waśa ring alas iki. Pinaka natha ning mrēgaku, waśa waśitwan i huripnya kabeh. Kita kapwa mahas iking alas. Ndi ta sangkanta? Mwang syapa pasēnggahanta? Warah ta nghulun satorasika”. Mangkana ling nika si Singha.

Sumahur ikang wrēsabha: “AUM kita kapwa mangaran sang Candha Pinggala? Ilang Singha maka natha ning mrēga iking alas ing udhyana Mālawa, maka bala tang srēggala sangkya. Kita pwa

takwan sangkan inghulun. Hulun anak sang Aruṇa, patūtan sakeng sang Surabhī, putu Bhagawan Saḥasrawalikilya, si Nandhaka ngaran inghulun. Pinaka taṇḍha de Bhaṭara Íswara; yan yogya nghulun sanmata. Don inghulun mara ngke, mahyun wruha ri sabha ning alas ingke". Mangkana ling sang Nandhaka.

Sumahur ikang Singha, lingnya: "He tan samanya satwa kapwa kita, wēka-wēka dewata, wahana Bhaṭara Íswara. Yan yogya ngulun sanmata, samitra lawan kita. Mahyun mami sewakeng bhaṭara, haywa ta kitāgya lungha saka ring alas ingke. Mamūktya ramya ning canan inghulun rumuhun, kami rumakṣeng kita, tumūta saporanta". Mangkana ling sang Singha, sinanmata de sang Nandhaka.

"He sang Singha, kita mitra lawan nghulun, dūran katatuhwa. Wiruddha krama ning nghulun lawan kita. Nghulun sapatra hara, kita ingṣa krama mabakṣa sarwwa mrēga. Ndi ta yan patuta? Pituwi kita ratu ning mrēga, kadi mami deśāntara. Kapanang prabhu patēha sang sargga lawan dukkita? Apan kadi rahadyan sanghulun prabhu, yan samitra maka don dharmmaphala sakeng mitra.

*'Dharmma ta kama sang yogah,
yadin asiyastra yo taśmin,*

*dharmma sthuti tayo parah,
tan aśeweta paṇḍhitah'.*

Ikaning mitra kinonakēn ira gaweyakēna, ndan maka nimitta ning tēlu: dharmma, artha, kāma. Kamiki ta nirartha, nirdharma, mwan kāma. Apan nghulun daridra, ta hana ning artha, nirdharmma nghulun mudha, nirkrama nghulun prihawak, tan manak arabi, deśa bhaṭara tan karēngö dening watēk dewata, yata ika rinēngön inghulun.

Rahadyan sanghulun pwa harēp ing dharmma, apan sēḍēng awēra dening wiryya mwan śwaryyan.

*'Sura saraśwati lakṣi,
madha angsi yanti nace angse,*

*trisah ta madha karaṇa,
sesante rebhuse tamah'.*

Ikaning inum-inuman, guna, kawruh, makādhi aji, drēwya, kasugihan, wiryya, yatika tēlu magawe wēra ring dadi. Hana pwa kinahanan de nika, tan awēra, yatika sinangguh utama utama ning puruṣa.

*'Taśmat bhūmi swange matyo,
guṇa tan tūt ing yunjitah,*

*dharmma kāmārtha siddhaye,
guna intu niwarjjayet'.*

Matangnyan sang prabhū, mantri, sang sadhu, kasiddhan ing dharmma, artha, kāma, gaweyakēna. Ayo tan sang sargga lawan sadhu mwanng maguṇa. Haywa ta sang sargga lawan sadhu, mwanng durjana marapwan tan umulahakēn pāpa. Magawe dharmma juga prih de sang sadhu.

*'Tyaja durjana sang sargga, bhajayadhu sama gama,
nuru punya maho ratra, smara nitya manityanam'.*

Matangnyan ikang durjana, haywa pinaka sang sargga. Sang sadhu juga sang sargga, magawe dharmma rahina wēngi, tan panginak-inak, angēn-angēnēn, tan lana ning śarīra". Mangkana ling nikang Nandhaka.

Sumahur ikang Singha: "Bhagya ning hulun masang sargga lawan kita, mapan kita mahapawitra nitya mamarek ring Bhaṭara Parameśwara, lana rēngö śabdha upadeśa nira. Kita śabdha sambadha siha ri nghulun.

*'Dharmmaśca satwa rang kuyyat, pāpangkuṣya dwi wilambitan,
tasya-tasya mahurtena, bhāwa ta yuh pratikṣayah'.*

Apan karēngö sangkeng nithi, yan magawe dharmma rakwa den agēlis. Kunang yan magawe pāpa samāntarakēn, haywā gya-gya lumēkas, apan sabaryyan malwang ikang hurip.

Kalinganya: Tumūta juga ri kita nghulun, kita sang sarggangkwa, den agēlis kumajarana ring punya mwanng pāpa. Linganta, dūran kita tuhwa. Lawan kita huwus mrēgaraja, nguni-nguni nitya suka, mwanng ring pinangan, mapa wēnanga sapiha tinggala karmma nitya mamati-mati. Ya iku kasangkan inghulun sangsaya, nyata sadhana ning anēmu pāpa. Mangke karēp mami manapiha sawiṣaya, malar-malar kakawaśa". Mangkana ling sang Singha.

Sumahur ikang Nandhaka: "AUM sang Singha, yan rahadyan sanghulun harēp angulahakēna dharmma, haywa tan dhīra saka sadidik. Haywā gya-gya!.

*'Saneraswah sane warttya, saneh parwwata langganam,
saneh yar saśca dharmmaścā, ya mamewa saneścade'.*

Ikang mamet drēwya, ikang mamet guṇa, makādhi wiryaya, ikang mungguh ing gunung, ika mabhyasa yoga. Mangkana mulahakēn dharmma saka kidik, krama-krama, akweh dadi siddha kawaśa.

Kalingan ika: haywa sangsaya rahadyan sanghulun. Lamun huwus akinkin nghulun umaturakēneng Bhaṭara Parameśwara". Mangkana ling sang Nandhaka ring sang Singha. Dadi ta enak denya samitra, salaku selwan salawasnya sang sargga, mari kang Singha mamati-mati. Sangsaya tan pamangan mangsa, sadina, rowang dina, mwang sapēkēn, tēkeng kanghel. Mulat pwa kang Srēggala ri ulah ning Singha mangkana, lungha ta ya tuminghal ing sang Singha, denya mitra lawan Lēmbhu.

Awēkasan kari sang Singha kalawan Nandhaka, suka sosthi dharmma raṣaneng śastra. Kunang ikang Srēggala sangghya umungsi rikang patih Sambadha majar ryulah ning sang Singha.

=ITI NANDHAKA PRAKARANA, SINGHA CANDHA
PINGGALA SANG SARGGA=

Ryuwus nikang Singha sang sargga lawan Lēmbu, lungha tekang asu kabeh sakeng sang Singha mungsi rikang patih Sambadha. Kapanggih pwa sang patih Sambadha. MaturSrēggala kabeh. Lingnya:

"Iki nimitta ninghulun sama ḍatēng ri rahadyan sanghulun. Majarakēn ri gati śri maharaja, sampun masang sargga lawan Nandhaka. Tan huninga ri sanghulun kabeh, pisaningun sira kaya n sira n manadaha mangsa, yan aturana ning burwan. Marya sira burwan, tan sinung dening Nandhaka, saling ning Nandhaka pinisinggih nira, mari sirāmati-mati burwan". Mangkana atur ing Srēggala sangghya.

Sumahur ikang patih Sambadha, lingnya: "Mangka kumwa? Huwus kasang sargga dening lēmbu kapwa sira? Byakta sira timut saulah ikang Nandhaka, maka wēkasan manadāh patra sira.

Kadi atat sira, nyata tumut saulah ing sang sargga nira". Mangkana ling ning Sambadha. Sumahur ikang asu kabeh, amalaku pinacaritakēn ryulah ing atat: "AUM macarita nghulun, rēngōkēn denta kabeh!"

Hana kadhatwan ring Kusambinagara ngaranya. Ratunya Śri Maharaja Śri Padhīpa ngaranya. Malwa ta bhūmi kawngka de nira, salek lampah pangetanya, pangidulnya, mwang pangalornya, ryunggwan ing catur taṇdha mantri nira. Tan ucapēn ta doh nira sakeng mantri nira pat, punpunanya sowang-sowang.

Nimitta ning nagara krētta, mawēwēh ning catus taṇdha mantri hana, malwakēn bhūmi, mamidik punpunan ing satru tan sainak-inak. Kintunya ring pangadēg śri maharaja, sang Pūrwwasena mungguh wetan. Sang Dakṣinasena mungguh kidul. Sang Paścimasena mungguh kulon. Sang Uttarasena mungguh lor. Padha prih karakṣan sang prabhū. Malawas pwekang kāla, pējah ta sang prabhū. Rinatwakēn

tanak nira Maharaja Drūma ngaran ira. Hana wadwa nira ri nguni kāla nira n rajaputra, ya tahyun agantyanana catus taṇḍha mantri. Dadi ta śri maharaja sung ajña, mangunḍhanga ri sang mantri catus deśa. Nitya suwe, ri wēdi nira tinggalā pakuwwan. Huwus krēttanugraha de śri maharaja dewata, ri tan hana ri sangka.

Ri tan nēngguhakēna kagantyan; hana pwājña śri maharaja, siddhākēnya sowang-sowang. Ika salwira ning katha ya ta, maka tarimanya ri sangsaya sang katha. Mangkana panēmbahnya baryyan kaḍatēngan ajña. Dadi ta umatur ikang wadwa pat, padha nuhun ajña aji, muḍhanga tunggalana ring mantri catur deśa, mwanğ raśa ning ajña śri maharaja, singlar ganamana ri Maharaja Droha. Ulahakēna ning mawājña. Sinungan ta yajna matunggalan deśa.

Umareng pūrwwa deśa, sang Walaka. Umareng dakṣina deśa, sang Sarana. Mareng paścima deśa, sang Tilaka. Umareng utara deśa, sang Sarana. Parēng mangkat, sama pwa ajña, parēng tēka ring catur deśa.

Ḍatēng sang hyang ajña aji, inarēmba mahalēp, sopacara, sakṣat śri maharaja ḍatēng ri hiḍēp nika. Mwanğ tan langgana sojar ing amawājña.

Masowe pwang kāla, ginangsal ta sang hyang ajña, pinintonakēn ika sang hyang ajña kēmit anugraha raja dewata. Tēhēr mañurat sēmbah. Ri huwusnya mañurat sēmbah, madyus akaramas, mamuja sira. Huwusnya mamuja, pinēkan ta mastakanya dhawak, winēkasakēn katura dening catus taṇḍha mantri. Ya ta winwatakēn ring wadwa pat. Parēng tēka, samaptha saha sēmbah, mwanğ ajña kēmitan maharaja dewata, parēng winawa.

Uning śri maharaja, masēmu kahuwan ta sira, mangrēngö raśa ning sēmbahnya kapat. Mwanğ raśa sang hyang aji kēmitan śri maharaja dewata. Saking wēdinya katon ajña langgana ring kalih mwanğ wyaktinya satya, kumērēt tēnggēknya sowang-sowang, mangke aturakēnya ryangga pradhananya, saha taṇḍha raja yogya, tēkeng pariwara stri. Haneka pramana, mawēkasan ta sang prabhū manglalu.

Ikang bhrētya nira pat, samiliha rakwa, ñatur deśa, senāpati sahānugraha kinon gumantiana ya krama sang lina. Padha arśa katēkana ni prayanya. Mantuk mareng pakuwanya sowang-sowang ring catur deśa. Padhāwēra ring kasukan, tan wruh ring maryanta krama.

Karēngö pwa yan paratra ikang mantri catur deśa dening musuh dinon pwa ya. Kalah ta kapat, katulyan ikang nagara. Maharaja Druma sirāting-gal nagara, dadi ta sira nunggal-nunggal. Kawawa ri grēha

nikang sawara Sininēga ngaranya. Kahadang ya tan haneng grēhanya, lunghāburū-burū.

Ikang atat juga kapanggih de nira. Katon śri maharaja denya tumuli kang atat manapa, lingnya: “Syapa iku tēka, sikēpēn patyani. Duduk hatinya, langgang rudhīranya. Pagawekēna emba-emba, raṣa-raṣa, lunghā ya mangko”. Mangkana śabdha karungwa de sang natha. Winaspadakēn ira tang maśabdha. Atat ya katon de nira. Lunghā ta sira, madoh ulih nira lunghā.

Mamanggih ta sira patapan, asēpi kang panti. Tan hana tapa ta kapanggih, sumuyug sira ring panti. Wahu sirāhyun alinggiha, tuminghal ta sira ring atat, mungging tinggaran ing padu ning panti, mangadēg ta śri aji mādan sira mangsula. Kangēn ujar ing atat katēmu pūrwwaka.

Katon pwa sira dening atat, mojar ikang atat, lingnya: “Nda alinggiha sang natha. Haywa sangsaya! Kaki guru hyang mijila sang natha. Hana sira tapi ḍatēng, pabhuganya sira. Amijilakēna ta kalaśa, mwang patharana, saha wwe yārghya camananya padha. Mwang sarwwa phala, sahana-hana ning aśrama, katareng pasēgēh eng sira”.

Tandwa ḍatēng ta sang tapaswi, mamawa kalaśa mwang patharana, saha dhara mwang jēng nira. Wwe ring kumbha pasūryyana, saha husa waktra. Gumanti ḍatēng mamawa sarwwa phala, mwang taḍah sang natha ring patapan. Saha ghorawa sang tapa-tapa. Suka ta panadah ira Maharaja Drūma. Sira mājari saswakarmma nira ḍatēng. Maka pūrwwaka ri hilang maharaja dewata. Padha ta sang tapa manarasthama tumetan sira.

Gumanti ta sang prabhu tumakwanakēn ri kalingan ikang atat, nguni pwa ya manggiha atat ya pūrwwaka, mwang tiking atat, kapanggih ngke ring patapan. Sumahur ya atat maśloka:

*‘Matapye ko pita pyeko,
aah muni sira nathah,*

*mamanaṣya ca pakṣinah,
wani tona gata janeh’.*

“Śri Maharaja, uningan sēmbah paṭik aji. Ikang atat kapanggih de sang natha pūrwwaka, wwang sānak paṭik aji. Punika sabapa seṇdhung, paṭik aji sama manuk. Kunang prabheda ning paṭik aji kaparēk ing kadi sira sang paṇdhita. Nityāngreṅgō sojar sang paṇdhita. Punika nityāngreṅgō sojar ing śawara.

*‘Gawasanah bhanggirama granotī,
pratyakṣā meta drumetaca drēsthī,*

*sowancaran bhya kar granomiḥ,
sang sargga jandhosa guṇa bhāwatā’.*

Paṭik aji nitya pwa rumēngö ryujar sang paṇdhita, Ikang atat pinanggih de śri maharaja nguni, nitya rēngö sojar ing śawara. Kalinganya, wyakti ning ulah tinon parameśwara, gati ning sang sargga mandadyakēn guṇa doṣa ning ulah. Mangkana ta mwah parameśwara, tumūt ing ulah ing wadwa pat, mandadyakēn ubhaya bhrastha tan wruh amet ikang yogya.

*'Aryanta raga tatwahyā,
te satya nidhanayanti,*

*wāhyaśca hyantaranggāṭaḥ,
rajanīya daśī bhūpate'.*

Apan ing munggwing jro dadi wineh munggweng jaba de parameśwara. Ikang yogya munggweng jaba, ikang tumēguhakēna kaprabhūn parameśwara, dadi harēp unggwanakēna ring jro. Wyakti niking catus taṇdha mantri de parameśwara marēka, awēkasan mintonakēn kasatyanya, tuwan. Umaturakēn mastakanya, ri wēdinya ajña maharaja dewata Śri Aji Padhīpa. Mwang ajñe parameśwara, mapa ta mangke tēmah parameśwara? Kelangan kasukan". Mangkana ling ning atat.

Mangkana ta krama ning sang sargga, ikang atat ininghu de sang paṇdhita, wruh ya mujarakēn paramārtha. Ikang atat ininghu dening śawara, solah ing śawara tinūtnya. Kalinganya sang sargga juga magawe guṇa doṣa, mangkana ta prabhūnta sang Singha Śri Candha Pinggala masang sargga lawan Wrēsabha, nyata tumūt ri ulah ing Nandhaka, mamangan dukut; haywa ta kita sangsaya. Nghulun magawya jrum, maka don pasaha nira samitra lawan Nandhaka. Mangke nghulun mareng Nandhaka". Lungha ta sang Sambadha, umareng sang Nandhaka. Mapeta kāla deśa, ri papasah ning Singha mwang Wrēsabha.

=ITI TANTRI CARITHA, SAMBADHA SRĒGGALA
SANGGHYA, RAJA DRŪMA CARITA=

'Hata udhara anah catūrṭta sarggaḥ'

Ri ḍatēng ikang Srēggala i rikang alas, kahanan ikang Nandhaka, sēḍēng anghēb i rikang grodha padapa, sami padadara. Ri sampunya mamangan madyus, mungguh manghēb i rikang waringin, malila rēmpa.

Tēka ta pwa Srēggala, mangadheg sang Nandhaka. Masēgēh ghorawātakwan, don sang Srēggala n ḍatēng. Sarjjawa ta Srēggala majar, donya pwa ngaranya: "AUM sang Nandhaka, kita pwa sang

dewata putra, sūryyawangsa. Wēka sang Surabhi, sang pinaka tandha Bhatara Parames-wara. Lingan inghulun i ri kita, yan rahadyan sanghulun mangaran sang Nandhaka. Prakasa karēngō kottaman rahadyan sanghulun. Mangke pwa kapanggih rahadyan sanghulun, pratyakṣa katinghalan. Agama-gama mrēga lakṣana sampūrṇa, tan sama-sama rupa rahadyan sanghulun lawan mrēga rikeng alas. Ri kalistuhayunta, iki nimitta ning wruh ri pinakanghulun ring rahadyan sanghulun.

'Acara kula makyantiḥ,

deśam mya katiḥ bhaṣitham,

cakṣiyuh hrēddhayah makyantiḥ,

bhapuḥ rantiyati bhojanam'.

Pangawruha ring kula, cara, mintonakēn pangawruha ring deśa, bhaṣa ya marahakēn, sakawruha ning hati. Masa ya marahakēnya, kakatona ning śarīra, ya marahakēn ring enak nikang pinangan, mwang tan enaknya. Mangkana swabhawan rahadyan sanghulun, maka pangawruha ning pinakanghulun. Ya Nandhaka rahadyan sanghulun. Kunang hulu pwa, tru hara rahadyan sanghulun, samanya mrēga nghulun, tan hana wwang awruhana, lyana sangke warah. Mwang kotsaha sang mataña, nimitta ni kinawruhan gati ning guṇa iki.

Ya ta nimitta ning majar i hati rahadyan sanghulun, hetun ingwang mara ngke, mangrēngō yan rahadyan sanghulun samitra lawan tuwan inghulun sang Singha Candha Pinggala. Ri wruha rahadyan sanghulun, nghulun wadwa nira sang Candha Pinggala. Den kadi wiśwasa ning ri tuwan inghulun, mangkana wiśwasa rahadyan sanghulun".

Mangkana ling sang Sambadha, sumahur sang Nandhaka, lingnya: "AUM kita pwa ngaran Sambadha! Ikang pinaka patih sang Candha Ping-gala. Kita nitya inucap, sinēnggwa yan katha wicakṣaṇa, nitya warah ring opadeya, rowang ira ngraksa mrēga praja. AUM tulusakēn sihta ring Singha, tumulus asihta ring nghulun. Kita mrati sumadyakēna pamitan inghulun lawan sang Singha. Apan sira raja swabhawa, wēnang mulahakēna nugraha wigraha, kita saraṇan inghulun asewaka ring sang Singha, mupakṣamakēna cala ing sila ning hulun ring anagata. Mangke pwa ring datēngta, bhāgyan inghulun iki. Ndah kita mujarakēna ring nghulun, rahatana solah sewaka ring sang Candha Pinggala. Pisaninghu kita ta wruh i swabhawa sang Singha, ika ta sihanta ring hulun, warahēn nireki sopadeśa".

Mangkana ling sang Nandhaka. Sumahur sang Sambadha, lingnya: "AUM sang Nandhaka, tan sangsaya rahadyan sanghulun, ri susrusan inghulun ing rahadyan sanghulun. Donya rahadyan sanghulun iki

wēnang para śrayan inghulun ring hayu. Wēnang matanggēha ri hala ning ulah sang Singha, manggalang asih. Mangupakṣamakēna iki Srēggala, apa swabhawa sang Singha gēng krodha, gēng asih, rahadyan sanghulun wēnang matuturana sira, anapowadha ning pakṣa pawrētti nira, tulusakēna kamahatmya nira rahadyan sanghulun. Haywa midi iki padūm ning inak ambēk, apan mangkana krama sang sadhu kadi rahadyan sanghulun.

*‘Nirgune swa wisarwwesu,
nahi sangka ti jwotasa,*

*daśa tuhwanti sadawah,
candraścandhala śesmanam’.*

Sang sadhu, sira tan paḡuṇa, apituwi padha de nira lawan maguṇa. Mangkana tekang ulahta, padha ta uttama nira. Kapwa tan apilih unggwa nira maweh suka, kadi teja sanghyang wulan. Yadyapin umah ing candhala tuwi sinuluha nira ya. Sanghyang Wulan maweh suka, mangkana ta rahadyan sanghulun, upama santoṣa pinaran inghulun. Apan gati ninghulun juga hina, ambēk sang Candha Pinggala ya yan agēng krodha nira. Kita tan awruh raja Sanghyang Dharmma.

Nghulun maminta ring rahadyan sanghulun, marahana deya ning tapa ring sang Candha Pinggala, ring apa ta kapingginge rika, swabhawa ning rahadyan sanghulun wicakṣaṇa, bisa milih guṇa ning lyan, yadyapin śaśangka ning guṇa inalap.

*‘Warsa dasya mrēttangghyā,
niccadyap uttama widhyam,*

*mameddha dapi kancanam,
stri ratna dyus kula capi’.*

Ikang amrētta, sangke widhya pituwi, inalap ika de sang prajña inaryakēn wiṣyanya. Mangkana ng arigēd campur hana ta mari nika. Tininggalakēn campurnya, mwan rigēdnya, mas juga hinganya inalapnya. Mangkana ng guṇa, makādhi widhya, maka guṇa ning wwang. Sor janmanya tuwi, tan katut ikang hala ning sthananya, guṇanya juga inalapnya de sang prajña.

Mangkana tekang stri, mijil saking tan sujanma. Ndan ya stri suśila, patibrata, surupa, tininggalakēn tika doṣa ning tan sujanmanya, pangalēwihnya inalap denya. Sang maha prajña ri wruh irangalap guṇa, pinaka tambahan ing guṇa nira. Rinēgēp ira ta waṣana, mandadyakēn abēcikan ing swaśarīra nira. Sangka nira ng ujara hayu kinayatnakēn ira.

Beddha lawan buddhi ning apunggung, mambēkakēn wiṣa buddhinya tan wruh yan anēmwala śarīranya. Tan pangrēngö lingan

ing para yan rahayu. Menggala kasrēngēn yan aśabdha wahya, tan wruh yan anēmwa hala maka puputang pati.

Kadi kang pas, tan pangrēngō ujar ing iti waśana, ling ning angsa mitranya". Mangkana ling sang Sambadha Srēgala, sumahur ta sang Nandhaka. Lingnya: "Apa ta carita nikang pas? Tan pamintuhu tang pangrungu pitutur ing angsa? Ya ta tinēmunya ahala? Pacaritakēna nghulun!" Sumahur ikang Sambadha macarita.

=ITI NANDHAKA PRAKARANA, SAMBADHA CARITHA,
PANCAMA SANG SARGGAH=

Macarita ikang Srēggala, linganya: "Hana ta Mpas, munggwing talaga Kumudawatī ngaranya. Ramya ikang talaga, tunjung makweh i ri ya; hana bang, hana biru, mwanng putih warnna ning tunjung. Hana ta Angsa sasomah, masabhe ri ya. Sangkeng talaga Manaśara.

Panangka ning Angsa, sangsayāsāt ikang talaga mangharēpakēn lahru masa. Mamwit ikang Angsa ring mitranya si dur buddhi.

"Mamwit nghulun ri kita mamisata, saha saka ring talaga ri ngke. Sangsayāsāt ikang wwe ing talaga, apituwi mangharēpakēn lahru masa, saka ring tad bisa ninghulun kadohana wwe, nimitta ninghulun yan mura sakingke mungsyekang talaga Himawan parwwata, ring Manaśara ngaran ika.

Madalēm apituwi maha pawitra, tan asat dening lahru kangkang, ikang talaga Manaśara. Yeka paran inghulun". Mangkana ling ning Angsa. Sumahur ikang Mpas: "Mitra sang Angsa, daluka udhasinanta ring hulun. Mahyun matinggala, mamrih hurip dhawak. Apan mami sama lawan kita, tan wēnang madoha wwe. Tansaha nghulun saporanta, tumuta ri suka duhkanta, ya ta phalan inghulun samitra lawan kita. Wēnang paras-paros upaśraya ring hayu silih sumbah". Mangkana ling nikang Mpas.

Sumahur ikang Angsa. Lingnya: "AUM singgih ta sang Durbuddhi. Udhasinan inghulun amitra i ri kita, saka ri tan wēnang salaku selawan-lawan kita lan mami. Reh mami mibēr, pituwi adoh ikang talaga Manaśara saka ngke, mwanng hlētnya sangke ringke, jurang gunung tan pahingan. Ring apa ta kita wenanga umalintanga i ri ya? Ya ta nimitta ning hulun atinggale kita. Pahalawēn manahta". Mangkana ling ikang Angsa.

Sumahur ikang Mpas, lingnya: "Tulusakēn sihta mitreng kami. Pakire-kire sadhanan mami rawuhe rika, tan saha ri kita". Sumahur ikang Angsa: "AUM hana kiren iking nghulun, ikang kayu sahuti madhyanya, kami somah sumahuta ri tungtung nikang kayu sana-sini.

Haywa ta kita ngucap-ucap. Mēnēnga ri awan. Yadyapin salwiran ing katinghalan mwang karēngö, mēnēng juga kita. Haywa pati ucap-ucapi, haywa hana inuninga, aja pati sasahuri. Iki ta ulihanta. Ayo tātān pamintuhu i ri kami. Kunang kita yan tan pangrēngö warah mami, tan siddha kita, dadi maka wēkasan pati”. Mangkana ling nikang Angsa mapitatur ring Mpas.

Yata sinahut ikang kayu tēngahnya de nikang Mpas. I kang Angsa na tungtungnya sana-sini. Mēr ikang Angsa umareng Manaśara, adoh ulihnya mēr, tēka pwa ya ri ruhur ikang tēgal Wilajanggala ngaranya.

Hana ta asu angsang lanang wadwan ngkana, mangētis sor ikang maja. Si Nohang ngaranya lanang. Si Babyan ngaranya wadon. Anon ta ya gagak tumat ing lēmah. Binurunya tang gagak. Mēr pwa ya. Tinēnghanya, katon ikang Angsa kālih, mangibērakēn Mpas.

Ling ning asu wadon: “He bapanyanaku. Tinghal iking wastwa swabhawa. Mpas mēr lawan Angsa laki bi”. Sumahur ikang asu lanang: “Asambhawa dahat iku lingta. Ing apa ta yan mangkana? Mpas mēra lawan Angsa? Āh ah apan ika tahi ning lēmbwaking, parumahan ing kutis, makolihan ing putranya kahyunya”. Mangkana ling si Nohan.

Karēngö de nikang Mpas, krodha pwa ya, ri denya sinangguh purisa ning lēmbwaking parumahan ing kutis. Wahu mangas tutuknya, maharēp sumahura ikang Mpas, huwak ikang kayu sinahutnya. Tiba pwa ring lēmah, mati kang Mpas. Linūd pinangan ing asu lanang wadon. I kang Angsa kari kerangan tan pinintuhu pituturnya dening Mpas. Tēhēr lumaris mēr mareng Manasaśara. Katon de Bhagawan Bhasubaga, magawe śloka:

*‘Mitrananti nghita kāmayanam, yyewaknya makinandhati,
sang kurmma isa durbuddhi, kasta bhrāstha winasiyatam’.*

I kang warah ing mitra yan abēcik, ulahakēna! Haywa winihang! Bwat kadi tang Mpas, durbuddhi pinaka mitra nikang angsa. Tan ahiḍēp ring pitutur, tan wineh mēngha tutuknya nahut kayu. Dadi yānēmu hala, tiba pinangan ing asu lanang wadon.

Mangkana tala ning wwang tan wruh angrēngö wuwus ahayu, mwang hala, tan wruh ika mrabedhakēn sabdha hala mwang hayu. Kunang ujar ing mitra weh ayu, kunang ujar ing mitra weh hala. Iwa mangkana, haywagya inidēp”. Mangkana ta buddhi sang prajña.

Rahadyan sanghulun pwa prajña, sang Candha Pinggala mudha, guragadha juga. Katinghalan pwa bheda ning buddhi de rahadyan sanghulun”.

Sumahur sang Nandhaka, lingnya: "Apa kalingan ing wuwusta Sambadha? Apan swasthāku mangke kalawan sang Candha Pinggala". "He tan wruh pwa kita? hana ujar sang Candha Pinggala kumwa? Enak asilib nikang Nandhaka, tan wruh ing buddhingku bhisāma. Kadi tuma mati dening katitinggi, ya dengku. Mangkana ling Candha Pinggala."

=ITI SAMBADHA CARITHA, ANGSA KURMMA SANG
SARGGA UPHALA RANA NANDHAKA PRAKARANA,
ASTHIMA SANG SARGGA=

Sumahur sang Nandhaka, matakwan ring sang Sambadha, ri denya pati ning tuma dening katitinggi. "Mapa ta kramanya?" Sumahur sang Sambadha. Lingnya:

"Hana tuma si Siyasa ya ngaranya. Tamolah ya ring tilam sang prabhu. Malawas pwa ya mungguh ri ngkana, hana ta titinggi si Candhila ngaranya munggwing sēla ning tarip. Ya ta mulat eng tuma haneng tilam sang prabhū. Mara ikang titinggi ring nggwan ing tuma. Mojar ta ya, lingnya: "He sang tuma, kṣamākēna patanan inghulun i ri kita. Sangsaya kapuhan kami tumon i ri kita, mahalēp sulakṣaṇa. Aparan kasukan rahadyan sanghulun? Toh yatika pajarakēna ring hulun! Mwang syapa ngaranta? Kunang wruhanta ring nghulun!" Si Candhila ngaran inghulun. Katitinggi munggwing tarip, mamet mangsa tar polih. Ya ta nimittan inghulun makuru, mapan arang yan pamangana. Yan amangan turung warēg. Sakarēng yāngisēp rāh ning sumandha, tumuli lunghā. Mangalih unggwanya. Yeka nimitta ninghulun makuru.

Mulata mami ri kita malēmwakiris, paran tika bhinūktinta? Rupanta caya ning amangan enak, ya ta pajarakēn sukanta". Mangkana patakwan ing katitinggi.

Sumahur ikang tuma, lingnya: "AUM sang katitinggi. Kita ya mangaran katitinggi Candhila? Wruhana nghulun tuma Siyasa ta ngaran inghulun. Malawas haneng tilam sang natha, pinangan mami pupū sang prabhū. Kunang pamangan mami mangher kāla deśa. Ri kāla sang prabhū enak aguling, samangkana kāla mami mamangan, sāmḃēk mami mawuwusan warēg. Wruha ping rwa ping tiga, winaluyan mami yan mangkana. Yan datēng sang prabhū, yan tan kāla deśa kunang, wruh mami tan pamangan sawēngi, kalih wēngi, lewib sangke rika. Mangkana upamami yan pamangan sang prabhū. Tan sangkeng manukananendrya, maka don panungguna jiwa. Mangkana ulah ninghulun".

Sumahur ikang katitinggi: “Wruh nghulun ri buddhinta sang tuma, yan kita gumēgwani kasantoṣān. Apan katon hala ning mūrkkā, mwang lobhā, tonēn ikang manuk baka mati dening lobhānya”.

Sumahur ikang tuma, lingnya: “Mapa kacaritan iking manuk baka?” Sumahur ikang katitinggi: “ndah taku makatha.

Hana talaga Mālinī ngaranya. Atyanta ring ramya nika, akweh tunjungnyaneka warnṇa, tinon lwah arata, hanekang phala, mwang kusuma tan kalēwasan, pamarati ning manuk makire mina ring talaga.

Hana ta manuk si Baka ngaranya, maśāsana rikang talaga. Yatika tan wruh ing nayanya, mahyun mangētyakēna iwak ing talaga, dadi ta ya marēgēp kirā-kirā. Malwi ta ya mareng talaga, masalin bhāwa, tumiru bhāwa sang tulus wiku. Sahisnu, tan pranagata, pisan ping rwa, sari-sari.

Ikang iwak umaliwat ing harēpnya, ndātan cinucuknya. Nityasa kapwa mangkana ulahnya dening iwak kabeh, mara tekang mina kabeh ri harēpnya. Matakwan ri polahnyawaknya, solah bhāwanya.

Sumahur manuk si Baka, lingnya, buddhiśanta minaka swabhāwanya: “AUM sang mina sangghya, tuwan singgih wuwusta ika kabeh, tumañakēn dudū ninghulun nguni lawan mangke. Tuwu tuwan, maka karana ning huwus mami rumēgēp raśa kapaṇdhitan, rumēngō ikang sinangguh pāpa mwang punya. Ika ta nimittan inghulun mahyun mungsira śūnya, matangyan tumiru bhāwa sang paṇdhita, mamahaywa ulah, mwang śabdha, buddhi śanta. Mangkana kinkin inghulun”. Mangkana ling sang Baka. Sumahur ikang iwak kabeh: “Mangke iki po mowah ingsa kramanta maka nguni kinkin kita mangkana. Matangyan mitran inghulun kita mangke. Mami mawarahana ring yogya, karanan inghulun manēmwambēk ring ihatra parātra”. Mangkana ling ikang mina kabeh, mogha ta kēneng upaya.

Huwus enak pangandhēl ing iwak kabeh, idēp ikang Baka. Kēna denyamet upaya, kagēgēh hēntyanya denya. Karēgēp ikang naya denya, mojar ta ya, lingnya: “AUM sang iwak kabeh, bhagya kita mitran inghulun”. Mangkana lingnya. Ikang sakatēmbē mara ta ya mwah mareng talaga. Sukskatinya smitanya ri tēpi nikang talaga, ganggēng lumut pinanganya. Ikang matsya tinangisan. Matakwan ikang mina ri duhka nikang Baka.

Sumahur ikang Baka, lingnya: “AUM sang mina kita kabeh, nimittan inghulun manangis, lukan wēlas inghulun ri kita kabeh. Ndi huwus sukanta kabeh amukti, kasukan ing kula wargganta mwang anak rabinya, rowangta mukti ring talaga. Ika ta milu suka nghulun ri sukanta kabeh. Mangke nghulun mangrēngō wrētta ning para,

pangucap ing tuwa rawa, nēnggēh mangirup eng kita. Padha magawe sapakire ning mangalap iwak. Lingnya: hana jala, jaring hanco, seser, susug, mangkana adhi ning pangalap. Mwang tuwa jēnu, gētih ing susuruh lanang, mabhaṣa ḍatēng agēng ing wulan bhadrawāda masa, sinambinya cangkrama. Amawa pana maramyan-ramyan. Ika ta wēdyakēn ri yoghan inghulun lawan kita. Pāpa ninghulun, tan wēnang ameta haywa ning kita kabeh”.

Mojar ikang matsya kabeh: “Uduh tasyasih ta kita mitra, anghing kita rama renangkwa, unggwa ning huripku kabeh. Kita mitra asiha”. Arṣa garjjitāmbēk ikang Baka rumēngō tangisnya kabeh mojar ta ya: “AUM sang mina sangghya, mangēn-angēn ngwang mameta kahaywanta. Ndah hana upayangkwa. Yan kitāhyun mērakēnangkwa kita kabeh.

Hana ta talaga Bhaṭara Rudra ring Andhawahana ngaranya, pinaka sabha Bhaṭara Rudra, larangan. Tan hane sabhe ri ya. Irika ta kahananta. Mangke ta ibērakēnangkwa kita, sakawasan inghulun umunjala mareng talaga”. Mājar ikang iwak: “Rahayu yan mangkana tasihante ryaku, wawa ta nghulun!” Mangkana ta ling ning iwak.

Inibērakēnya tang mina, sukunya kalih sana-sini mwang paṭuknya, winawanya ri pucak ing gunung. Irikang watu kumalaśa, irika ta ya pinangan ikang matsya. Kunang pwa ri lawasnya mawanti-wanti, tēlas ikang iwak denya.

Hana ta yuyu kawak sasiki, ya ta malaku winērakēn. Tan angga ikang Baka, tumon ing supitnyāgēng. Keḍēh mapinta kasih ikang ayuyu, lingnya: “Tulusakēn dharmmanta sang Baka, nyata nghulun an pinulingan denta sang amet mina. Haneka mina kari tigang siki mitran inghulun, parēnga ta nghulun”. Sumahur ta mina tigang siki: “Tuhwiku sang Baka, eman ta dharmmanta yan tan tulusa. Pāpa rakwa nghulun yan tan tute ri kita, yan tan milu maha mitran ingwang ayuyu. Ndi ta unggwanya”. Ling nikang Baka: “Apan ring sukungku kawēnang kita kalih, ri paṭukku kawēnang sasiki. Ndi ta unggwanana ikang ayuyu?” Lingnya: Yan yogya nghulun pēluka gulunta, putus ta ngaran ing dharmmanta. Rikanta yan inghulun kabeh”.

Dadi mangga ikang Baka wēkasan, tumut ikang ayuyu, mēluki gulu ning Baka. Mangēn-angēn tang ayuyu: “Sandehaku de niking Baka. Nguni akuru, mangke pwa ya lēmu, mēpēkan dadanya rata. Sipi kanghelan ika mērakēn iwak, simbantēn akurwa. Panēḍa ning dharmma inulahakēn ngganya, matangyan alēmu, taha ya. Bhiṣama ikang iwak kabeh pinanganya”. Mangkanāngēn-angēnnya ikang yuyu.

Tadhanāntara, kongang aghra nikang gunung, katungkulan ikang watu kumalaśa, kawayaya karin ikang mina katon de nikang yuyu: “Ndah ta lingku. Kaduṣṭan iking Baka”.

Yatna ayuyu, yata sinupitnya gulu nikang Baka, tugēl kapisan. Mati kang Baka wēkasanya tēmahannya. Tinon de Bhagawan Bhasubaga n magawe śloka:

*‘Krēto punaḥ punaḥ pāpa, ya ponani wāta tewah,
duhke mapenotham durbuddhī, sabhataḥ kārka deyataḥ’.*

Iking nityāgawe papa, jatinya nēmu duhka. Ton ikang Baka, raka-
tha”, mangkana ling nikang titinggi macaritakēn ing tuma. Dadi ta
mangga ikang tuma parāśrayanya.

Kahadang pwa sang prabhū maguling ring rahina, tinonya ta pupū
sang prabhū makuning maputih. Yeka tar pāmbēk ikang katitinggi,
nguni ngwang mangisēp rāh ning samanya janma, mēne rāh ning ratu
mang-sangkwa”. Mangkana lingnyāngēn-angēnnya.

An mangkana, sinahutnya ta pupū sang prabhū. Kagyat sira denya,
kinonakēn petēn dening sang prabhū. Winulik ta ya dening matilam.
Tan katēmu ikang katitinggi, śighra malayu ring sēla ning tarip.
Katēmu ikang tuma samoh, pinatyan ta ya kalih. Tinon de Bhagawan
Bhasubaga, magawe śloka:

*‘Śila wrēta mawijnayah, soda datri mrati śrayān,
halayaśca ndhele tewā, jiwitham dwi prāyu dyate’.*

Iking mamara śrayan, tan wruh ring maryyada ning mamaśrayan
manēmu duhkā, ta swabhāwanya. Ton ikang tuma mati dening
katitinggi. Mangkana tikang lēmbu, wawangnyomitra ryaku, tan wruh
ri maryyadhangku. Niyata matya dengku. Mangkana ling sang Candha
Pinggala ri kita sang Nandhaka.

Dening sihkwiki ri kita, matangyan mami mawarahi ri kita mangke
sang Nandhaka. Paran taku mawarahi ri kita? Nahan sang Nandhaka
mangan dukut, aku mangan mangsa, ndi kapan apatūta kira-kirāngku.
Mana-wa hila aku hila yan pramādha. Kadi kahilangan ikang manuk
sarwwa mangan iwak dening kuwong. Mangkana tiwasku mēne, yan
pramādha. Mangkana ling sang Candha Pinggala”. Matakwan sang
Nandhaka, lingnya: “Mapa kahilangan ing manuk sarwwa mangan
mangsa dening kuwong?” Sumahur sang Sambadha:

Hana manuk Cagak, si Dharakana ngaranya, si Tunggal ingaraning strinya. Hana ta manuk jangkung si Kalawahana ngaranya. Si Walakiti ngaraning rabinya. Maka juru ning bango si Malatundha ngaranya, si Tunyatadini ngaraning strinya.

Ya ta mamasraya ring rangra, Bamadhyawiyeta ngaranya, tumuwuh ryaghra ning gunung. Tan hana sangsayanya, manak maputu buyut kabehnya. Padha wredhhi wekanya, tan hana manuk adharmmane ri ya, nguni-nguni kang manusa, dening ruhurnyaneng rangra, wenang tuminggal anak rabinya kalanyamet mangsanyaknya. Pareng lungha pareng teka, kapwa sinungsung dening wekanya sowang-sowang. Mangkana abhanya.

Mapa kunang ikang kala, hana ta manuk kuwong salaki bi. Si Paradha ngaranya kang lanang, si Subhani ngaraning strinya. Yata wiragya tan panak, dening samanaknya inalap dening wwang juga. Panabdha patuwuhan ikang gagak pinaka patuwanya antiga. Asing wwang matilik mahyun ri hidēpnya malapā anak nikang kuwong, dening arşanya ring swaranya, hetunyan sahasa ngalap. Baryyan manak ikang kak". Kunang ling ning hulun sang Sambadha: "Mapa prasthawa nikang gagak, kudu wawanyāntiga dening kuwong?" Mawarah sang Sambadha.

Hana botoh ring Abira ngaranya. Si Malinaşraya ngaranya botoh. Yata katēkan wyadhi wētēng, makuru ta ya, angringking-ringking tan wruh panulunganyawaknya. N umangkata ya mamet sawung. Awatara sapamanah ulihnya laku, mararyan ta ya. Geyu sukunya.

Hana tang gagak sang Durāwrēsthi ngaranya, ya ta tumut i wurin ikang botoh wyadhi wētēng. Apan meh matya ri hidēpnya, katañcana hana ta kuwong si Wākabhajra ngaranya. Mojar ta ya sang Durāwrēsthi: "Haywa kita tumutakēn ring botoh wyadhi, tangeh ya matya ya, kunang ikang mati mēne ndan hana wwang wadwan alēmu rwang siki, asalalah galah mah sēdēng tinūtakēn ing duşta, mati pinrang ri hiring ing jurang gatinya mēne. Laku ta tūtakēn ika. Luwih kamu, apan asiga waras ika. Tangeh ika matya". Mangkana ling ning gagak.

Sumahur ikang kuwong, lingnya: "Paran ta tohanta?" Sumahur ikang gagak: "Sing alah huluna". "Asthu", ling nikang kuwong.

Tinut ikang wadwan-wadwan alēmu. Datēkanya ring jurang, pinērang ta ya kalih dening duşta. Drēwyanya inalapnya. Tēka ikang gagak mamangan wangkenya. Mājar ikang kuwong si Wākabhajra: "Mapa ta kamung gagak? Alah kita". "AUM hulunakēna ta nghulun", ling nikang gagak. Sumahur ikang kuwong: "Alēmēh taku humulunakēn i ri kita, tan wēnang kwa ngingoni, apan kunapa

pinanganta. Kunang pwa deyanta, yan pangantiga kita umora antigan inghulun, sasiki tētēsēnta. Pakani ta wwah ing ambulu, waringin, saparanya. Yan huwus atuwā hēlēm”. Mangkana ling ning kuwong. “AUM” lingnya gagak.

Mangkana prasthawanya, ya ta tinuwawanan antiga ning gagak dening kuwong, yadyapi katēka mangke”. Samangkana ling sang Sambadha. Waluya ta kaprihati kang kuwong lanang wadon, karananya lungha mahas-ahas. Akweh deśa pinaranya. Manēmwa ta ya manuk akweh, kapwa suka manahnya sahananya mangśraya rikang rangra. Kadunung umah ikang jangkung, dadi ta mojar ikang kuwong, lingnya: “hana kari jurunta, yeki kita kabeh?” Sumahur ikang jangkung: “Hana juru mami”. Sumahur ikang kuwong: “Mapa lwir nira?” Sumatang jangkung: “Ndan nahan ta sira dawāgēng atuha lēngar. Sira tika juru mami”. Sumahur ikang kuwong: “Tulusakēna sihte ryaku, aturakēn ta kami ri sira”. Sumahur tang jang-kung: “Mapa prayojananta?” Sumahur ikang kuwong: “Mahyun milu haneng ngke nghulun”. Sumahur jangkung: “Aparan ta pasunganta yan siddha karyyanta?” Sumahur ikang kuwong: “Tan hana pasungan inghu-lun, apan daridra kami, sada kāla maraśraya ring gunung alas, bhajra nika mangingēt-ingēt ing jurang wukir, mangkana ta gaweyan inghulun denta”. Sumahur ikang jangkung: “Uduh-uduh bhagya ta yan mangkana. Mangrēngō ta kami ri prajñanta ring swara, hana pwa juru mami mangigēl, praya nira. Kita pwa hareki kita listuhayu kidhangan, katon sambhega nira mangkana”.

Inaturakēn ikang kuwong dening jangkung, si Kalawana. Iking juru bango, mangaran si Kalatundha, inajarakēn ta yan akweh phalanya gitādhi dening Kalawahana. “Bhagya”, ling nikang bango. Manganti tikang kuwong laki stri i rikang rangra. Pira kunang ikang kala alawas maraśrayānganti.

Ri sakatēmbesuk ikang manuk kabeh mamet panganya sowang-so-wang, ahanan iking iwak dinonya. Milu ikang kuwong, tan milu kahanan ing iwak. Mareng ambulu, waringin juga ya, katon rowangnya putih dulur ya milu ya, pinaka-nyanaknya, wwah ing ambulu. Angising pwa ya anak ikang kuwong, tahinya tumiba ri lēba ri pang nikang rangra. Kahudanan pwa ya, mawwad pwa ya tumuwuh lumung tēka lēmah, gumawe kayu maka panēkan ikang rangra.

An mangkana, kahadang ikang rāmāghra masa manginum sakwehnya. Hana turun twak, lalawuh sahananya, kakurangan ta ya lalawuh. Tumēngha-tēngha ta ya; satinghalnya ring rangra, katon tikang manuk manak, katon tekang pang ning ambulu sulurnya tēka

lēmah. Yatika awan ing manek ing rangra, satēkanya ring ruhur ing rangra, tinēbahnya ikang anak ing manuk kabeh, tiba ta yeng lēmah. Aradin ta ya kabeh, inalapnya inolah pwa ya. Paripurnṇa denya bhogga. Tuminghal jurunya bango, kapuhan yan katēkan prayanya dening tahi nikang kuwong, matēmahan tambulu waringin.

Matangyan ikang manuk kuwong, dūta agēng ya dening manuk kabeh, tinon de Bhagawan Bhasubaga an magawe śloka:

*'Abhyasa namano mitraḥ,
patwa bhaṣmī sacakṣanaḥ.*

*saharana gathe narah,
sindhaga parttya kayasa'.*

Arthanya, ikang wwang padha buddhinya, sami pinanganya mapupul ta ya, rahayu waśananya. Kunang yan anēlat, dudu pinanganya, dudu buddhinya, hala waśananya. Kadi kahilangani pēcak jangkung, bango de nikang kuwong. Nahan katha, don ika dening amitra pwa ya, yen tan sama bhūktinya, mwang buddhinya, kalinganya, makira-kira patya ning Nandhaka.

Kami mangke, mangkana ling sang Candha Pinggala". Mangkana ling nikang Sambadha. Subadha pwa ri pamitran sang Nandhaka. Matang-yan umēnēng tan sumahur sakarēng.

Wēkasan sumahur sang Nandhaka, lingnya: "Syapa rowangta ngru-ngu wuwus sang Candha Pinggala an mangkana ryaku?" Sumahur sang Sambadha: "Nghulun juga winarah nira".

Sumahur sang Nandhaka: "Byakta kadi sang Sewanggara kita ya". Sumahur ikang Sambadha: "Mapa Sewanggara kramanya?" "Ndah ngong makatha:

Hana sira ratu pinandhita, sang Dewantara ngaran ira. Kahadhang śawara nasa, mahas abuburū, manghel sira lapā. Hana ta wadwa nira sang Sewanggara ngaranya, ya ta kinon irāmeta wwe, mwang phala taḍahan ira. Mahas ta ya, tan polih, tan banyu, tan phala. Katēka ta ya ri tirah ning samudra, manēmu ta ya wastwāsambhāwa. I kang wre mangigēl tengah ing tasik, munggwing watu makambangan. Kapuhan ta ya Sewanggara. Malayu ta yāwarah ring sang prabhu. Aturnya ring sang prabhu: "Tan pantuk paṭik aji toya mwang phala, hana ta tinon paṭik aji, wastwāsambhāwa. I kang wre mangigēl tēngah ing sagara munggwing śila makambangan".

Mojar sang prabhu, ling nira: "Tuhu ko karika?" Sumahur ikang Sewanggara: "Wēnang paṭik aji prangēn yan madwa". Mimba sang prabhu mareng sagara, lawan ikang Sewanggara. Ndatan tan katēmu ikang wre mangigēl. Apan maya nikang widyadhara manonya. Mojar

sang prabhu: “Ndi ta nggwan ikang wre panonte nguni?” “Ri ngke pwangkulun”. “Syapa rowangta tumon nguni? Pinaka śakṣinta?” Matur ikang Sewanggara: “Paṭik aji juga wikan”.

Krodha sang prabhu, pinrang ikang Sewanggara, dening adwa. Tan hana pinaka śakṣinya. Tinon de Bhagawan Bhasubaga, magawe śloka:

*‘Ayakṣīyanā waktāryya, pratyakṣā mami yad bhawet,
wanaro nasthi sang yogge, jala maniye śilatale’.*

Iking warahakēna, yan tan tuhwa-tuhwa, apitwi yan tan hana rowanganya wruh pinaka hetu śakṣinya, haywagya, mojarakēna ring sabha, mwang ring sang prabhu”. Mangkana ling sang Nandhaka, dadi ta yerang sang Sambadha.

Lungha mareng sang Candha Pinggala, kadyangadu-adu ika, dadi ta ya sinantwa de sang Candha Pinggala: “Ndi sangkanta Sambadha?”

Sumahur ikang Sambadha: “Ngka paṭik aji mangucap-ucap lawan sang Nandhaka”. “Aparan ucapmu lawan sang Nandhaka?” Sumahur sang Sambadha: “Rahadyan sanghulun inucap de sang Nandhaka, krētāghna rakwa swabhāwa ning singha. Mangkana ling sang Nandhaka ring paṭik aji.

Kunang ling paṭik aji: “Mapa krētāghna ikang singha? Dadi ta sang Nandhaka cumaritakēn ri paṭik aji. Ling nira: “ndah rēngwakēna ta denta Sambadha!”.

Hana rakwa singha sang Keśarī ngaranya. Hana ta gagak si Bhīha ta ngaranya. Hana ta mwah asu si Sidarttaka ngaranya. Hana ta hustra si Witakṣa ngaranya. Samitra ngganya kapat. Mara tekang singha ring alas, manēmu ta ya liman sēḍēng ametta. Dinēmaknya ta ya, sahasa denyā-dēmak kumbha ning liman. Tan karaṣa laranya, dening wēranya. Ininghēlakēnya ikang singha tiba ta ya ring lēmah. Tinēwēknya ring gaḍing, glanā tekang singha, mulih ring umahnya. Ri mangkananya, manglawad-lawad mitranya katiga, mangulih-ulih ikang upaya ulahnya. Ndan rahina ta ling nikang singha, sumahur ikang Wikatakṣa; “Mapa dayangku mitra? apan tan kawasa mami mati-mati satwa. Taha kumwa lingnya ikang hustra; sumahur ikang gagak: “Um balik pwa kita siha mitra, laku tulih ring deśanya. Aku mameta taḍahanta sang singha. Alara tām̄bēk ikang Wikatakṣa, minangkana. Lumaku ta yāmet satwa; alunghā niking hustra, mojar tekang gagak maśloka:

*'Karmma mane ya kenapi,
uddhū rendhi bhamatmānam,*

*mrēdhu nanārune nāwa,
paśca dharmma sama caret'.*

Kalinganya: sopaya ning wwang ri kala ning bhisama, mon santa, yan krodha, ulahanta māmet hurip, ndan dharmma waśananya. Ulaha tang apa lwir mangkana". Sumahur ikang Srēggala: "He ta sang Nitaka, aparān abhiprāyanta? Matangyan mujaralakēn śloka mangkana?" Mojar rikang gagak, si Nitaka: "Umitra sang Siddhartaka, tan yukti brahmāṇa samitra lawan candhala, mangkana mwang sang maka brata. Tan hana kēna amitra ta lawan ratu, padha ta ya yukti nika. Iwa mangkana kadi kita satwa; harēp daging, doyan rah, moha ring udhūk, amitra ta lawan satwa harēp dukut, maka huripnya. Lawan kurang. Padha ta yukti nika sangkṣepa iki yan angēn-angēnku, iking ratunta, lara dening kanin kawuwuhan lapā. Apan ika lwirnya, ikang hustra si Wikatakṣa, ya ta harēpku tadhahan ira matangyan aglisa.

Kunang tahulanya, kulitnya, ya taḍahanta. Tan enak ngganya". Mangkana ling ning gagak. Sumahur ikang Siddhartaka: "Uh apa kamu Nitaka? Tan taha saling ning len kamu, nihan taji rēngōnta:

*'Sajri rakrandha majnatwa,
amarabhāwa mapnothi,*

*wera marana teyulah,
samudrā iwannitabhā'.*

Ikang wwang tan wruh ing kasaktin ing musuh, agēlēm ta ya tukar juga, niyatālah rakweka. Tonēn ikang tasik alah dening tinil". Sumahur ikang Nitaka: "Apa ikang tasik alah dening tinil?" Sumahur ika Siddhartaka:

Hana tinil salaki bi, si Yugapadha ngaran ikang lanang, si Priyambhada ngaran ikang wadwan. Mojar ta si Priyambhada rikang lakinya: "Ih bapanyānaku, atuha iki mangko lekkwāmētēng. Ndi teki pangantigan inghulun?" Sumahur ikang lanang: "Ri ngke ibu ri tēpi nikang sagara. Tan hana wani ya ngupakara erylaku". Dadi tekang Priyambhada mangantiga ri tēpi nikang tasik.

Mulat pwa sanghyang tasik, mojar ta sira: "Ah tan sakaya nikang tinil, arah. Tan wruh ya mawa ri dēmitnya, mujarakēn tan hana kasangsayanya". Mangkana ling sanghyang tasik. Pinahagēng ta ryak nira. Hilang antiga nikang tinil, kawawa de nikang alun.

Manangis si Priyambhada, manēsēl ri jalunya: "Yatiki mangke kaharēpnya sang bapanyānaku? Nguni yakon angantiga i tēpi ning tasik. Lalu pwa ya hilang antigangku mangke. Maha pinet larangku juga dening bapanyānaku".

Mojar ikang tinil lanang: “Haywa sangsaya kita sang ibunyānaku. Mulih ikang antiganta dengku. Nyapan tahantānulih antiganta? Den kadi pāpa ning Nisadha pāpa ning mami dlaha”.

Sumahur strinya: “Apa karika pāpa nikang Nisadha?” Sumahur lanangnya:

“Hana ya tuhāburu si Nisadha ngaranya. Yata lunghaburu-buru. Sadatēngnya ring alas, amanggih ta ya liman, pinanah denya.

Telas pwa ya hrunya, malayu ta ya. Manēmu ta ya mong sēdēng lapā binurū pwa ya de nikang mong. Mamanek ta ya ring kayu ikang tuhāburū. Hana ta wanari, manak-anak tatēlu, ri ruhur ikang kayu pinanek de nikang Pāpaka. Yata sumwaghate ri ri ya, wēlas ikang wanari ring tuhāburu. Samitra ta ya wēkasan lawan ikang wanari, Pāpaka.

Hana pwa nghle nikang Nisaddha, malaku pwa ya pinanghul umulat ikang mong sake sor. Mojar ta ya: “He tikang wanari, tibākēn ikang wwang, tan yogya kita samitra lawan ya krētāghna jati nikang Pāpaka.”. Sumahur ikang wanari: “Mapa karika krētāghna nikang wwang?” Sumahur ikang mong macarita:

“Hana deśa ring Kaśmira ngaranya, hana ta sira brahmaṇa, sang Yajñaswamī ngaran ira. Mahas ta sirātirtha ri kāla lahru masa kangkang. Malapā sira wwe, mahas ta sira rarah toya. Mamanggih ta sira sumur mati, ri madhya nikang alas. Tinalyan ira ta kamandhalu nira, tinēkwakēn ira ring sumur.

Katimba ikang wre, mojar ta sang brahmaṇa, ling nira: “Aparan ta donta hana ngke?” Manēmbah ikang wre, tēhēr mojar. Lingnya: “UM sang brahmaṇa, kalēbu mami. Patang siki rowangku kalēbu. Mong lawan ulā, mwang manuṣa. Ndan mong lawan ulā juga hēntasakēna denta sang brahmaṇa. Haywa inēntas ikang wwang, doṣanya nicca ikang wwang”. Mangkana ikang wre. Tēhēr lunghā mamwit.

Tumēku sira mwah. Katimbā ikang mong. Tan pasung yan timbanēn ikang wwang, ling ning mong:

“Tumibā sira mwah”. Katēmu ikang ulā, mojar, lingnya: “Tēlas pukulun kabeh. Kari kang wwang juga. Haywa inēntas de sang brahmaṇa. Krētāghna ikang wwang, tan wruh pinihutangan”. Mangkana ling ning ulā. Mamwit lunghā.

Māngēn-angēn ta sang brahmaṇa: “Apa kalingān ikang satwa katēlu, tan paweh kahēntasan ikang wwang? Tan ulaha mami yan mangkana. Hila-hilā, tan wakṣāpatha nghulun. Lalis i rikang wwang, pan tibe ning hara nika”.

Dadi ta sira tumėku mwah, katimbā ikang wwang. Manėmbah ta ya eng sang brahmaņa, tēhěr mojar, lingnya: “Apandhe mās sanghulun, ing Madhūraraja panangkan inghulun, si Wėnuka ngaran inghulun. Kasihana rānak sang brahmaņa, aptyānahura hutang sanghulun, sėpėrėn dešan inghulun de sang brahmaņa”. Tēhěr mamwit lunghā ta ya.

Kawėkas ta sang brahmaņa, met tirtha manusup mwah. Kawawa ta sireng alas Kaṇdhakāwana. Kanghelan nghėb ing kayu. Kapanggih ikang wre kang katimbā nguni. Mangaturakėn ta ya sarwwa phala ri sang brahmaņa. Ri huwusnyānėmbah, amwit lunghā.

Mwah Mpu Dhanghyang lunghā. Kapanggih tekang mong. Malayu ta sang brahmaņa, ri wėdi nira. Dadi ta mojar ikang mong yan kang katimbā nguni de nira. Maṇḍėg ta sang brahmaņa. Mojar mwah ikang mong, lingnya: “Bhāgya kapanggih sang brahmaņa. Nihan rajaputra bhušana kātura ring sang brahmaņa, puhaka ning hutang ring rahadyan sanghulun Mpu Dhanghyang”. Mamwit ta ya lunghā.

Māngėn-angėn ta sang brahmaņa, ikang pandhe mās ing Madhūra pakėnan ikang mūs. Lumampah ta sang brahmaņa. Cumuṇḍuk ing Madhūra deša, kadunung ing Pandhe Mās ring Madhūra si Wenuka. Kapanggih ta ya. Garjjitā manėmbah sānak rabinya, umaturakėn sabhojana sang brahmaņa, atēhěr ya mangupakṣama. Suka ta sang brahmaņa, mojar ta sira: “Anaku Wenuka, hana iki mās bhušana paweh nikang mong rowangta katimbā nguni. Yatiki pawehangku ri kita, apan iki tan hana pakėnanya de mami”. Tinanggap ikang mās dening Wenuka. Mojar ta sang brahmaņa, lingnya: “Ndi padyusan ingke?” Mojar si Wenuka, lingnya: “Punika wulakan dyusa sang brahmaņa”. Lunghā ta sirādyus, kari ta mapandhe mās. Winulatnya ikang bhušana. “Udhuh udhuh bhušana sang Dyah Kleša nguni ring alas iki”. Mojar ta ya ring strinya, lingnya: “Sang ibunyānakku, maweh mās sang brahmaņa ring kami. Bhušana sang Dyah Kleša ring alas iki, ḍamėl ing para pandhe mās kabeh iki. Sālah mulyanya alapėn den mami mās maņi iki, mangko sun aturakėn sang natha”. Sumahur strinya: “Haywa sang bapānya. Tasyāsih kita harah! Haywa lobhā dahat. Sugyān kadi wre si Yanti ika”. Sumahur jalunya: “Apa wre si Yanti kramānya?” Sumahur rabinya, carita:

“Hana wre istri, si Yanti ngaranya, mangėnakėn tapa. I kang maha wrėkṣa sudaršana ngaranya. Tāsak pwa de nira tapa, ratėng hwah hėning jambū sudaršana ruru ri harėpnya. Tan hana kewėhnya, umulat juga ya. Ratėng denya nganākėn tapa. Karunya bhaṭara, sinyang ta ya dening bhaṭara.

“He Yanti, mapa saddhyanta. Mamintānugraha?” Sumahur si Yanti: “Maharēp dadya wwang listuhayu rānak bhaṭara. Samā lawan kalistuhaywan ikang widyadhari Punanggara Pramaṇa”.

“Bhoh dak weh ika”. Ling bhaṭara. Meh iki manik, suluhanmu mareng tirtha, Yanti. Dhēm dilah ing manik katēmu tirtha denta. Tēke ri ya patumēdhun ping pitu, prasiddha listuhaywa ko”. Mur ta bhaṭara.

Magirang si Yanti, tinūtnya dilah ikang manik. Ri padhēm dilah ing manik, kapanggih tang tirtha pawēkas bhaṭara nguni. Tumēdhun si Yanti, gēnēp ping pitu. Huwusnya mēntas, mangilo ring wwe, tontonya awaknya listuhayu, lwih sakeng rupa ning widyadhari sang Anggara Praṇa.

Mangēnakēn ta ya si Yanti: “Gēnēpa ping pitu wwe aku, kadi tumiru rūpa bhaṭara”. Tumēdhun pwa ya mwah. Dadi ta ya waluya mwah wre. Alara ta manahnya, amēnganya mati. Tinon de Bhagawan Bhasubaga n magawe śloka:

Jambhū kāsthat masakasepaḥ, sapta dapa rito guṇa,
hati lobhe nado senaḥ, pūrṇa wanara t anggātaḥ’.

Kalinganya: Ikang wwang katekan pinalaku, haywāti lobha, amēnganyā nēmu pāpa māgēng. Tonēn ikang wre si Yanti!”

Nāhan tangguh ing rabinya. Ndātan pamituhu lakinya. Tumama ya ring kadatwan, mangaturakēna bhuṣana kaputran ring sang prabhu. Marāpwan maweh suka māgēng ri hiḍēpnya, mawa ta ya bhuṣana. Kapanggih sang natha. Matūr ika si Wenuka, lingnya: “Paṭik aji umatūrakēnang kaputran, bhuṣana sang Dyah Kleśa ring alas magunungan kapanggih ing sang brahmaṇa, de paṭik aji”. Mojar sang prabhu: “Ndi kang brahmaṇa mangke?” “Ajña aji, sangkala ta sang brahmaṇa!”

Kumwa ta sinangkala sang brahmaṇa. Ri huwusnyādyus ika sang brahmaṇa, tēka tekang taṇdha sumikēp ing sang brahmaṇa.

“Aparan teki doṣa mami?” Mojar ikang taṇdha: “Tan wikan ingsun pukulun. Kinwan de sang prabhu”. Mājar sang brahmaṇa: “Lah apākēna anghing mami nirdoṣa”. Winawa ring panangkilan, ri ngke sira ngiḍēp sangsara. Ndān dadi ta sira magawe śloka:

Wyaghrā wakāra sapanar, yan maya śatrū tawādaḥ,
tenam mapū panitene, mabhuṣenaści wancītaḥ’.

Kalinganya: Lēhēng masih eng sato, sapadi māsīha ring wwang nicca. Mwang iki tan wawa rēngōn tikang wre. Lunghā tang mong nguni, dadyāntuk kabañcana de nikang wwang inēntasakēnku nguni.

Ri tadhanāntara mangrēngō ikang wre yan sang brahmaṇa sinangkala. Sang ula mawarah ing sang mong. Apupul pwa ya katiga, mucapa tingkah sang brahmaṇa kasangkala ri mulanya mās saking sang mong. Sinungakēna ing apaṇdhe mās de sang brahmaṇa. Ikang paṇdhe mās masung ring sang prabhu. Tinarkka sang brahmaṇa matyani sang raja putra gunung, dening nicca ning mapāṇdhe mās. Tan wruh krama ning winilasan. Krodhāmbēk ikang mong. Mahyun yāmuka patyana ring jro kadatwan. Matangguh ikang ulā. Lingnya: “Haywa mangkana sang mong, tan hana upaya gatinta mudha angangge kas prabhāwanta. Dadya wata sang brahmaṇa? Hana upayangku, sadhanangkwānahura hutang ring sang brahmaṇa”.

Lunghā ta sang ulā mareng nagara, cumuṇḍuk ing panyangkalān nggwan sang brahmaṇa. Tandwa ḍatēng ri kahanan sang brahmaṇa, matakwan ri doṣa sang brahmaṇa. Lingnya: “Sang ratu taṇdha senā dumeh ku mara ngke”.

Sumahur ikang ulā: “Mangke rānak sang brahmaṇa manahura hutang”. Krodha ikang ulā, mamwit manambya pinahalit awaknya, tumama ya ring kadatwan.

Kahadhang tānak sang ratu tumurun sakeng kudha, sinahut suku sang raja putra. Tiba ta sira kapati. Prihati ta sang prabhu kinwan ta brahmaṇa ngusadhanana, mwang sakweh sang maguna. Ling nira: “Asing amarasākēna anakku, rowangangkwa maliha kadhaton, tunggala sapalinggihan”. Hana ta sira wruh mangawak ing ulā, ḍatēng ikang ula ri sang mangawak ing ulā. Mojar ikang ulā, lingnya: “Sang brahmaṇa sinangkala sira marasakēn, ring sang raja putra Dyah Wirasenā. Apan dudū ulah sang ratu ring sang brahmaṇa. Yata sangka ning kleśa sang ratu”. Mangkana ling ning ulā, yatika ingaturakēn ring sang ratu, dadi ta sang brahmaṇa kinon uwakakēna saking pasangjalan. Mwang musadhanana sang raja putra sinahut ing ulā.

Tan masowe waras sang raja putra de sang brahmaṇa. Ri wēkasan winiweh sirārdhha rajya. Kunang ikang paṇdhe mās, kinon patyanana, de nika ta śloka sang brahmaṇa:

*Manuse sukrēta nasthī,
wyāghra wanara sarwwana,*

*tārdhyagyani krēttawarān,
ngkratame was maramyahan’.*

I kang pangupakāra ning wang nicca, lēhēng mangupakāra ning satwa. Mangke pangupakāra wwang nicca, kāngēn dengku ikang ulā,

wre, mong, wēnang ya malēs guṇa”. Mangkana ling sang brahmaṇa. Tinon de Bhagawan Bhasubaga mangawe śloka:

*‘Narah krētśghna wreyana, nā mrighona cāpa nagaḥ,
narena dūrsito wiprah, wana senā wimūrcciyate’.*

Kalinganya: Praya ning wwang juga krēttāghna, ikang wre, mong, ulā, tan mangkana ika, wyaktinya sang brahmaṇa nēmu duhkā dening mapandhe mās, ikang ulā manguripi sira. Mangkana carita nikang mong, lih ingśaka irikang wanari, lawan ta mwah mūrkkā swabhāwa nikang manuṣa, nahan pamūta-mūtakēn panonya dening lobhānya matya nikang wanari. Mapa ta yaśa nahan ta nikang manuṣa. Sumahur ikang mong: “Si Ingśaka hana mahat ring Madhūra si Śuddha ngaranya rwa sānak, si Walacit ngaranya, adulur soresuk. Maring pamahatanya i rikang alas agamyā wana ngaranya.

Katancana, hana lutung agēng alēmū. Si Purusāwak ngaranya. Hana mitranya wre, akuru dēmit, si Sirāghrāgama ngaranya. Yatāngucap-ucap ramya nikang trēṇa, ikang gaḍung mure kēmbhangnya ikang ri wana lumūng lunggahnya, ramya ganyang ikēt kidung pralambang. Yaku wruha mitra”. Ling ning lutung mangkana.

Sumahur ikang wre: “Apa donta warah? Gaḍung mwang wana, bahula kita mitra. Ya gaḍung, ya wana, bhina sruthi mangeka wakya”. Mangkana ling nikang wre. Sumahur ikang lutung: “Tahan pih, bahulya yāwat cinamaṇī deyaṁ, yāwatwa ngaranya, tan dudū. Dudū ikang inaranya. Mangkana tang gaḍung mwang wana. Kita pwa mananggah bhina sruti mwang eka wakya. Ikang wana mwang gaḍung, taha ika. Tan kadi mawarah, kadi sēkul. Apagēh aku ring pakṣa mami”. Ling nikang lutung mangkana. Sumahur ikang wre: “Tēpēt apagēh ikang lutung, mintuhu warah ing bhranta jñana, taha tan dudū ika. Ndan kadyāngga ning ‘Nawayere katwaṁ’, dharmma-dharmma, norane katuhwan. Mintonakēn ing angkāranya. Tunggal lawan makāra”. Mangkana ling nikang wre, mapagēh ring pakṣanya. Sumahur ikang lutung: “Kita pagēh ring pakṣanta. Aku mang-kanātah”.

Kunēng pwa pangadhya ring udāsina, mangke ngwang kalih matoha jiwita”. Sumahur ikang wre, lingnya: “Ndi polihanang udāsina ngke? Amana lawas karih?” Sumahur ikang lutung, lingnya: “Hana po si kang wwang amahat, kakalih sama sānak apramana ring hala hayu”. “Yogya” Mangkana ling nikang wre. “Mēne ta paran toha nikang alah? Ling nikang lutung. Sumahur ikang wre: “Matoha rabi, tan parabi ngwang. Matoha pirak, tan papirak ngwang. Kunang pwa

sing balawan pakṣanya huripana. Asing sor pakṣanya, matya ya". Ling nikang wre.

Sumahur ikang lutung: "Katulih ujarku nguni ngaran ika". Lumaku ta ya kalih, mara ring wong amahat kalih siki. Kapanggih tekang amahat. Tumaha wud dyunya mesi twak. Atakwan ikang arēpan, marēk ikang wre rumuhun: "Swaja rahadyan sanghulun wre si Sighrāgama, lutung aran si Purusāwak. Kunang tinañakēn ring rahadyan sanghulun, tan bhara. Wantēn ling nikang lutung, sinangguh ikang lutung dudū ring wana mwang gaḍung. Kunang ling ninghulun, tunggal ika. Ya ri wana, ya ri gaḍung. Padha ta nghulun kēḍēh kalih, matoh patyana sing alah". Mangkana ling nikang wre. Atēhēr sumuji pakṣa, matakwan ikang amahat kalih, i rikang lutung. Bwat si sang lutung gumantya waraha. Mojar ikang lutung: "Dudū juga ikang ri wana mwang gaḍung. Kunang ling nikang wre tunggal ika. Singgih sanghulun atoh patyana. Apan tan hana pasunga sandha". Mangkana ling nikang lutung.

An mangkana pajarnya kalih, padha pagēh ring pakṣanya. Ndan ling ning Suradha: "Kemēngan ngwang mēgata gawenta. Gatinya tan ngke pamēgatana. Mojar ikang Walacit: "Hade iku denta, sumangguh ika tan sabha-sabha gatinya ngke". Sumahur kakanya si Suradha: "UM si yan mangkana. Kunang pwa balawan pakṣanta ikang lutung. Apan tuhu dudū ri wana. I kang gaḍung: rwanya, kēmbhangnya, lungganya, dudū prayoganya. Angapa iku denta mēgat gawe? I kang wre akuru alit asangit, iku inalahakēnta. Kulubanyākēdik, tan hana phala ningwang tewa cedos angkare pangajinya tan hana. Mwang aku ta ya, kunang pwa sorakena pakṣan ikang lutung, maka phala warēgankwa kuluban, tambulantanginum twak, hana warāgama mangke lingnya:

*'Aparayam pariñayah,
sara-sarānta walokya,*

*deta lobha tatwātah,
caṇḍa-caṇḍe supatayet'.*

Kalinganya: Guna doṣa nikang lutung, wre, huwus pwa kinawruhan ta. Apan pwa weh pangaji ring wwang. Matoh pwa ya patyanāsing alah. Ngwang meh anginuma twak. Kala deśa mah ika i ri ngwang, tulya tibān-tibān tāmbul sakeng wulakan, gati nika. Yadyapin mangkana lingnya, asing sarata pwa ulahanta, hara pwekang lutung, wēnang tambula ning sake tohnya. Tan wruh ing kāla deśa ngaranya. Mwang tan wruh ing lēmunya, malawan akurū asangit, matoh pwa ya mati. Wruh ikang lutung yan alahakēna wyawaharanya. Yatika

matyani awaknya ngaran ika, nahan ta sorakēn ikang pakṣan ikang lutung de nikang wwang. Hana marah gama mwang lingnya:

*'Purisanca kincit-kinci,
surabhi nistha tas gamya,*

*durggandha bahu yānakam,
iti kiwa wiśeṣanam'.*

Kalinganya: Iking kapacirit, lawan kapatahi, padha bonya. Mangkana ta ikang wwang yan sorakēna ta ikang wre, ninindha ngwang patyanana, yadyapin toh patin samayanya.

Matangyan yogya nikang lutung sorakēna pakṣanya denta". Sumahur kakanya si Suradha: "UM si yan mangkana denta umarah. Artha ning śloka tātan mangkana denta mangaji. Mangusiwaddha ri kawidagdha ning arinya. Huwus pwa ikang amanggahat kalih: "Balawanan pakṣamu kamung wre. Apan wruh ing kala deśa. Kami manginum twak, kata matoh patya. Sang lutung kita gung alēmu, lawanta makurwadēmit".

Mangkana ling nikang amahat kalih, mamalungguhakēn pamēgat". Sumahur ikang lutung: "Ndya linga ning pinakanghulun? Kadi wēnang udhasina maring len". Mangkana ling nikang lutung. Tumulwi kang amahat anambut walu-alu, pamupuhnya ikang lutung, kinulubnya, pinaka tambulanya ngingum twak.

Kunang atma nikang lutung, sinungsung de nikang widyadhara, widyadhari, anunggang ring wimana hawanya mantuk ing swargga. Kunang ikang wanara, wyaddhi sangsara, tan mati, tan samanang ahurip.

I rikang sakatambesuk, lumaku tikang amahat mareng pamahanya ikang Suraddha, tibā ta ya, mangēnani watu rejeng umandhēmi pahatnya. Arinya met larup hilang, mati sinahut ing ulā tarunga. Atmanya dumunung ring naraka, kinēlah ing kawah de nikang Yamabala, mamukti pañca gati sangsara. Gatinya mamuta-muta ngiwākēn tēngēn. Tinon de Bhagawan Bhasubaga n magawe śloka:

*'Pakṣa patha wicarantu,
suraddha walacit trēṣṇa,*

*sedecit nāraka wrajat,
malobhā dhyāna migase'.*

Ika sang pragiwaka, yan pakṣa patha, pāpa tinēmu denya. Kadi kang amahat si Suraddha, mwang si Walacit. An mangalahakēn wicara ning lutung, maka nimitta hyunya matsya, hala tinēmunya, yekung manuṣya loka.

Matangyan kamung Wanari, tibānakēn ikang manuṣya denta” Mangkana ling nikang mong si Ingsaka. Sumahur ikang Wanari: “Apa ta ko kasihana mong? Apan ikang mong gati nika krēttāghna”. Sumahur ikang mong: “Apa krēttāghangu?” Mojar ikang Wanari:

“Hana sang brahmana, Dhanghyang Manawa ngaran ira. Sira ta mangaji Yajurwedha ring Bhagawan Wrēhaspati. Sadhana nira manguripakēna mati. Tēlas pwa tama de nira mangaji, mantuk ta sira. Umuliwat ing alas gēng. Mamanggih ta sira mong mati sinahut ing ulā. Pinarikṣan ira mantra nira. Mahurip tikang mong. Mulat pwa ya ring sang brahmana: “Haywa mangsāku. Iking brahmana dewa carita ya karih. Dinēmaknya ta sira, tēhēr pinanganya de nikang mong. Mati ta sira dening sambega nira”. Mangkana ling nikang Wanari ing mong si Ingsaka. Tinon de Bhagawan Bhasubaga n magawe śloka:

*‘Krēttāghna pitaka caryyan,
nasayatya dhamo wyaghre,*

*kartta rāma papindhayet,
weddha sanjiwa karyyata’.*

Arthanya: Tan ulahakēna pangupakara ning nicca, bwat mapuhara larāmbēk. Iking gawe hayu ning mūrka, mewēh yan mamuhara hayu, tonēn ikang weddha manguripi mong. Kadi sang brahmana mati dening mong inuripakēn ira, lēhēng ikang ayuyu saka rikang mong”. Mangkana ling nikang Wanari. Sumahur ikang mong Ingsaka: “Mapa carita nikang ayuyu?” Sumahur ikang Wanari: “Mapa carita nika?”

“Hana sira brahmana saking pathala, sang Dwijeśwara ngaran ira. Masih ring sarwwa satwa, mahas pwa sira ring gunung madewāśraya. Mamanggih ta sirang ayuyu kāsatan ri pucak nikang gunung, sang Yasthama ngaranya. Ngkana ta ya sinambut de sang brahmana. Iking ayuyu tinon ira pranānthika: “Ndak wawanya ring lēmah lwah”. Ling nira.

Lumampah ta sira. Mamanggih ta sira pathani, ri tēpi ning lwah inuwak nira kang ayuyu. Mararyyan ta sira ring pathani, maturu sire rika, yata suka.

Hana ta sarppa samitra lawan gagak. Pinaka bhaya ngkana. Mojar ikang ulā ring mitranya, yan hana wwang araryyan mēne para aku, dhak sahutnya, kami manginum rahnya. Tinon dening gagak sang brahmana maturu ri hyase. Gēlis masiyang ing ulā, mijil sakeng wiwaranya, mojar i mitranya, lingnya: “Mitra, nohan mami mangrēngö”, tikang ayuyu mojar, lingnya: “Ah kāsmala nikang gagak muwang ulā. Yata karih mangkana”. Karēnan de sang brahmana, dai ta yā malaku samitra lawan gagak mwan ulā. Sinambega ta ya. Mojar

ikang ayuyu, lingnya: “He mitra kita gagak, muwang ulā, ndhak hodod i gulunta kalih, marapwan enak denta naḍah ring sang brahmaṇa”. Sumahur ikang ulā: “Magyāku mamangana sang brahmaṇa”. Sumahur ikang ayuyu: “Lāh ugā si mitra. Tuhu taya”. Linungakēnya ta gulunya, kalih. Sinupitnya ta ya, tugēl ta gulunya kalih. Tinon de Bhagawan Bhasubaga n magawe śloka:

*‘Kakasya capi sapasya,
anumatam mana cintya,*

*kartta dena wrēksiḥ krēttah,
pūrṇṇa brahmāṇa jiwītham’.*

Kalinganya: Iking wastu sinihan winilasan, jatinya malēsa ing mulya. Nāhan sang brahmaṇa masih ing kang ayuyu, niyata malēs ing sih. Mangkana lwirnya”.

Mangkana wuwus ikang Wanari. Mawungu ikang Papaka, mojar. Lingnya: “Aganti mitra aturu. Mami sumanguluh eng kita”. Maturu ikang Wanari. Mangke dadi mojar ikang mong sakeng sornya, lingnya:

“He kong Nisadha, tibākēn ikang Wanari. Duṣṭā juga swajatinya”. Sumahur ikang Nisadha: “Apa kari duṣṭan ikang wre?” Sumahur ikang mong macarita.

Hana ya manuk iji, aturwa parēk ta ya lawan wre. Iking iji gawe seseh. Iking wre munggah ing pang juga. Katisan mangidhukus. Mojar ikang iji maśloka:

*‘Aswa manapadhe sampī,
sitawata jala tastra,*

*bala mancapi wanara,
tuwing kinakas si siyati’.*

Kalinganya: “Apa kita ya kamu wre, matangan masuku, śakti tan hana? Kathamapi kitāgēng, tan pagawe umah? Yateka luhya ngaranya yata jugul kunang kita”. Mangkana ling nikang manuk iji ring wanara. Sumahur ikang wre maśloka:

*‘Asmakam purwwe kah sarwwe,
para karyyomu śaktaste,*

*kewala mrēm macodikah,
nawaya śila paṇdhitah’.*

“He kong iji. Kawitangku nguni wadwa bhaṭāra Rāma, kawalan ika ra cara nira matambak sagara. Awanan ira mareng Lēngkapura mamatyana sang Rawana, śiddha dening tuha-tuhanku. Tan undhagi nghulun. Tan kadi ko wetbet manimpēni, suci mukam wija nithi. Bhiṣa si ko yan agawe umah”. Mangkana ling nikang wre, tēhēr rinujit ikang seseh ikang manuk iji ring Sucimuka. Alarāmbēk ikang iji. Umara ta

ya ring sang paṇdhita, kinon ira mituturana i rikang wre. Sumahur ta sang paṇdhita maśloka:

*'Nanamyo-namyā ekaśtho,
sucimuka dwija nithi.*

*nāna cakrakwa matesmini,
nasisiye śaśana mwa jet'.*

Kalinganya: Tan inēluk ikang kayu yan tan yogya ēlukēn. Tan linē-pasakēn ikang cakra ring watu, tan warahēn ikang len sangkeng śiṣya. Matēwas anghel, kita marah wruhanta kamu sucimuka". Mangkana ling sang tapa. Kari kerangan ikang manuk iji dening kaduṣṭan ikang wre.

Nihan ta mwah kaduṣṭan ikang wre:

Hana sira rajaputra, māmēng-amēng ing taman. Swawisata manah nire rika. Maguling ta sira lawan stri nira. Hana tāmēng-amēngan ira wre si Barubuh ngaranya. Yata winēkas nirātunggwa guling ing sira. Ling nira: "He kong wre, tungguha akwaguling. Yan hana mēne umalang ing nidrangku, prang! Rabhasa denta! Mahik ing pēdhang sañjatamu". Mangkana pawēkas sang rajaputra.

Maguling sira makalihan, enak paguling nira. Kañcit hana ta lalēr lalu salaki bi. Tumērap ikang lalēr ring gulu sang rajaputra kalihan. I kang lalēr stri tumērap ing gulu sang rajaputri, ikang lalēr lanang tumērap ing gulu sang rajaputra.

Tumon ikang wre, matatur sapawēkas sang rajaputra nguni. Pirangnya ta lalēr lalu. Kaparah gulu sang rajaputra kalih stri nira dening amēng-amēngan ira wre. Yeka doṣa ning tan wruh ing sahaya, tinon de Bhagawan Bhasubaga n magawe śloka:

*'Waram paṇdhita satrunca,
patya wanara mūrkkena,*

*nicca mitra ta paṇdhita,
rajaputra wiśayanam'.*

Kalinganya: Lēhēng masatru paṇdhita, sapadhi mamitra mūrkkapunggung. Nāhan tonēn sang rajaputra, mati dening amēng-amēngan ira wre. Ndah kamu Nisadha tan hana kalamu samitra lawan ikang wre, lawan ta ya mwah yan harēp ahuripa, tibākēn ikang wre" Mangkana ling nikang mong. Yata tinibākēnya ikang wre dening Nisadha. Dinēmak ta de nikang mong. Gumuyu ikang wre: "Ingapākēnamwaku?" Mojar ikang mong: "Pinanganku kamu". "UM ginut aku denmu, meh alēmbuta. Ya yan aku tan matya denmu". Sumahur ikang mong, lingnya: "UM mapakēnangkwa si ko?" Sumahur ikang wre: "Harēp pwangko ri kapējahanangkwa" Haywa ko sangsaya. Nahan sahūt tungtung ing

ikungku denta. Byakta ku matya de nika, apan ing ngkana kahanan ing huripku, palinggihan sanghyang prama". Sumahur ikang mong: "He saddha per dahat kata, kahanan ing huripmu?" Tutut tekang mong. Wahu pakṣanya manahut tungtung ing iku nikang wre, lumumpat ikang wanari ring kayu. Kerangan ikang mong. Lunghā ta ya ikang mong. Tuminghal pwa tikang Nisaddha i rikang wanari, sangsaya ta manahnya. Maka hetu ri denya tumibākēn ikang wre nguni. Wruh pwa ikang wanari yan sangsaya ikang Nisaddha, mojar ikang wanari: "Wari ring heatnya, ngke ta anaku, pangnēr lawan Nisaddha, twang atuhwa mot kahananku. Aku ameta woh-wohan pangnēn ta lawan Nisaddha". Mangkana ling nikang wanari. Lunghā tekang wana-ri, ameta phala. Ri wuri nikang wanari, māngēn-angēn nikang Nisaddha, ri denyan lapānya. Hēnat ngganya anak ikang wanari panganēnkwa. Māngōn-angōn mangkana. Pinatyanyanak ikang wanari, pinagawaya kenuswan, tinunu pwa ya. Pinanganya tan pauyah. Tēnti tan paseṣa. Lunghā ta ya maring toyohan, ininumnya twak. Atis manahnya. Taḍanantara ḍatēng tekang wanari, molih sarwwa phala, winehnya nikang Nisaddha. Mulat pwekang wanari, tānaknya tan hana. Lingnya: "Ndi ta pahulunanta Nisaddha?" Sumahur ikang Nisaddha: "Tan wruh nghulun mitra. Manangis ta ya hatut bhuri kita". Wruh pwekang wanari, yan anaknya pinangan de nikang Nisaddha. Apan hana turah ning wulunya, mwang baṇa ning apuy. Tasapi umēnēng juga ya. An mangkana pwa ya, mojar ikang Nisaddha, lingnya: "harēp mantuka kami mitra". Sumahur ikang wanari: "Ndah dhak gaṇdhong mitra". Mangkana lingnya. Gināṇdhong ikang Nisaddha, masore pwa rikang wana, tka ta ya samipa ning umah nikang Nisaddha, kapanggih ta hawan göng, sinalahakēn ta Nisaddha. Mojar ikang wanari: "Ndah ta sang Nisaddha, sadoṣa ning ulahku mwang ujarmu, upasamaknanta ta ya, haywa kita turiḍākēn, jati ning sānak mangkana. Apan padha larangku lawan kita, lēgāmbēkta. Tan sor pados ujar apañjang. Kunēng ikung apan parēk ry umahta, mangke hulun mantuka". Mangkana pamwit ikang wanari ri sang Nisaddha, māngēn-angēn ta Nisaddha. "Aku mayawas lunghā, tan hana ulihku metāghna". Mangkana angēn-angēnya. Pinrangnya tēngah nikang wanari, tlas tugēl. Pinakulnya ta ye laras, mulih ta ya. Ri pējah nikang wanari, katon ika ulahnya de Bhaṭāra Dharmma, tumurun ikang wimana inarahakēn tikang widyadhara widyadhari, mangigēl, manyup sangka, mwang gupit, manghudanakēn kēmbang, saha dhupādhipa, asēp lawan wangi-wangi. Aścāryya ḍatēng ing swargga. Mapa hetunyan ḍatēng Bhaṭāra Dharmma, tumoning, hantar tumoning atma ning wanari, śuddha

denya manghedāngēn, yata matangyan mālap atma nikang wanari. Ingandhalakēn ing wimana. Madungge ta ya wimana. Ikang wana-ri matmahan dewati kanyaka, mareng dhumehnya mapudhu lawan anak-nya. Sadatēngnya ring swargga, mojar ta ya ring Bhaṭāra Dharmma. Lingnya: “Sojar bhaṭāra, wantēn wangśanak eng hulun mangaran Nisaddha, yan yogya wawa ngke rowangangkwa sagocara”. Sumahur Bhaṭāra Dharmma: “Apa donta de nika. Om wanari, ikang ulu ning awakta nguni, lawan anakwa rika lēmu wre, yatika ta tākna ring satahunya. Karyya denya muktya pāpa pāta.

Hayo ta kahina angēn-angēn, tungkuli kasukanta”. Mangka n ojar Bhaṭāra Dharmma. Byaktita nikang wanari hana ring swargga. Tucapa nikang Nisaddha mwah, mara ta yeng alas maburū-burū, mwah ta ya manggih mong mungsi ri ya nguni. Katon ikang mong denya. Malayu ta ya. Mojar ikang maśloka:

‘Mitran ghnām bahanī sithām, nā bhaktāyika twām pemañ,
asca śighra mama bhrathah.

“He kong Nisaddha, tahāku mangan ri kita, apan kamu mitra drohāka, milu pāpa ngwang mangana ri ko. Mangkana ling nikang mong. Tinon de Bhagawan Bhasubaga an magawe śloka:

‘Tiryak yoni satenapi, krētāghno pati wyate,
nisaddham pāpa siyamisthā, wyaghrena pari warjjātham’.

Arthanya: Ikang wwang krēttāghna, tan hana suddhi i ri ya. Tan hanārēp amangana dagingnya. Mangkana ta papa nikang Nisaddha ngaranya. Yata kapanggiha dengku. Hana ta padha yan tan kapanggiha antiganyu dengku”. Mangkana ling nikang tinil lanang angucap i rabinya. Umara ta ya ring sang Garudha, manēmbah sambu mojar: “Sojar sang pangēmpwan. Anak inghulun tan padoṣa, inalap dening sang hyang tasik. Yan upama agantyan inghulun”.

Sumahur sang Garudha: “UM nghulun umarēk ing Bhaṭāra Wiṣṇu”. Umatur ta sang Garudha ring Hyang Wiṣṇu. Lingnya: “Sajna Bhaṭāra hana wadwan i nguni pinakanghulun tinil, maka ngaran Uthanapada. Inalap anaknya pwangkulun tan padoṣa, de Sanghyang Tasik. Yata inaji ning pinakanghulun ri Bhaṭāra”. Mangkana ta atur ing sang Garudha. Prayatna Bhaṭāra sinyang ira ta sang Sudharsana, ling nira: “He anakku Sudharsana, tēkākēn wuwusku ri Sanghyang Tasik. Wehakēna rakwānak ning wadwa sang Garudha. Kumwa

linganta”. Sumahur sang Sudharsana, lingnya: “Manēmbah nghulun, lumarisakēna pangutus Bhaṭāra”.

Lingha sang Sudharsana umareng Sanghyang Tasik, kunang Sanghyang Tasik tumakwan ring sang Sudharsana. Masung ta sira argghyāpadyācamanya ri sang Sudharsana. Mojar ta Sanghyang Tasik, ling nira: “Swaghata sang Sudarsana. Apa ya donta dingaryan kita mara ngke?” Sumahur sang Sudharsana: “Inutus Bhaṭāra Wiṣṇu pinakanghulun. Tumēkākēna sapangutus ira. Kunang wēkas Bhaṭāra Wiṣṇu, kita rakwa tumwan anak wadwa sang Garudha”. Mangkana wuwus sang Sudharsana. Pinet nira anak nikang tinil, sinungakēn ira ri sang Sudharsana, umwat ing Bhaṭāra Wiṣṇu. Bhaṭāra Wiṣṇu māsung ring sang Garudha. Sang Garudha maweh ring sang tinil. Suka tikang tinil wēekasa. Sugyan mangkana, tan ita de sang Ustra. Ling nikang Siddhātarka, mangkana. Sumahur ikang cika: “Areh sih apan akweh samitra ikang tinil. Ikang ustra pwa ya tan mangkana. Yogya juga pangantingu. An mangkana ling nikang gagak, karēngō de nikang Singhā: “He sang Cattaka, agēng rakwa pāpa ning mitra drohaka”. Sumahur ikang gagak.

“Hana upayangku, ya ta nyan tan katēkana ring pāpa. Pangher kita sakarēng. Yan tēka pwa ng ustra, mareng kita, hulun amalakwa panganēnta. Nda aywa tāku pinangan. Kunang yan kapitūta tang ustra, mamalaku pinangan, samangkana ta aywa suwe”. Mangkana samayanya.

Taḍanāntara, tēka tekang ustra. Mojar ta ya: “Tan pāntuk nayāku mitra. Apan tan wruh aku kumēna ya”. Mojar ikang Singhā: “Apa si dentāntuka, apan kita tan kawaśa”. Mojar ikang gagak ri Singhā: “Awēlas aku mitra ring kita. Kita pranāntika, lumalapa. Kunang yan manginakana, śarīran inghulun panganēn ko, tatan mahuripa. Agēng kapwa phala ning mamuhara suka ning mitra”. Mangkana ujar ing gagak. Kapitūt ikang Jambuka, mājar lingnya mamalaku panganēn mwah. Mangkana ikang Singhā, mojar ta ya ring ustra: “Nghulun ta panganēn rumuhur mitra, saphala ta nghulun agung alēmu”.

An mangkana ikang Singhā, mulata muringang ring rowangnya. Mētu kaduṣṭanya. Lumumpat ya dumēmak gulu nikang ustra, pējah ikang ustra. Pinangan ta ya dening singhā, gagak, asu. Henti tan paśeṣa. Nahan tinon de Bhagawan Bhasubaga an magawe śloka:

*‘Tan resam piṇdhagak śūdraḥ,
kuryya doṣa manosanghī,*

*samwe mayo padha rinaḥ,
singhā kakadeyo yaśa’.*

Ikang Pāpaka pagēh ning pāpa, makira-kira solah bañcana. Guma-
weyakēn doṣa rika, ri tan doṣa rika. Tonēn ikang singhā, gagak, asu,
suka mangan ustra, nahan ta krēttāghna ning singhā mwang kamitra
drohakanya. Mangkana pawarah sang Nandhaka ring hulun. Ling
ning Sambhada mangkana.

Mangen-angen ta sang Candha Pinggala, lingnya: “Ikang
Nandhaka tūt tapa ning lēmbhu kabeh. Rakwa parēngö i marika.
Apa ta kawēnang umujarakēn ikang tan parasa karēngö? Tuhwa rih
warah-warrah? Nika kang Sambadha? Lingnya: “Haywa mangkana
sang Nandhaka. Kunang ring apa calananya? Tumuwuh sandheha
ning singha, ri sang Sambadha, Nandhaka. Dadi ta mojar, lingnya:
“Sadenya ika, apa kasangsaya rika?” Sumahur ikang Sambadha,
lingnya: “Aywa mangkana sang Candha Pinggala. Apan akweh śakti
alah dening upaya, tonēn ta mangkana.

Hana ya liman sēḍang mamāṭta. Antyanta galaknya, rinugnya
te kang kayu-kayu ring alas. Hana ta ya larwra mangantiga ring kayu,
tibā ya antiganya pinangan ta ya de nikang aliman. Manangis ta ya,
tēhēr majar i jalunya, lingnya: “I sang bapanya, nihan rēngö wuwus
ninghulun maśloka:

*‘Sreyonara siyamāranam,
kasthasiya jiwita dhalam,*

*bhireh śatru wandherane,
swaputra siya winasakah’.*

Kalinganya: “Tan hana phala ning hurip ning wwang, an
mati anaknya rabinya dening musuhunya. Matya juga kenakanya”.
Mangkana ling ning larwa jalunya. sinyanganta mitranya kabeh.
Teka ta ya. Kunang Iwirnya: gagak, palathuk, lalēr wilis, wiyung,
sami winarahnya ta ya yan anaknya mati pinangan ing liman. Atēhēr
manangis, dadi mojar ikang wiyung: “Aywa kitālara ri kapatyānakta,
sugyan kita kadi Sanghyang Indra malara ri kapati ning atat. Kunang
deyanta kira-kira kapatyan ikang liman”.

Sumahur ta mitranya kabeh: “Apa ta lara Sanghyang Indra ri
kapati ning atat?” Sumahur ikang wiyung macaritha:

Hana ya atat. Amēng-amēngan Sanghyang Indra. Tan hana kalu-
putanya denyāngucap, ring sarwra bhāwa. Kahadang Sanghyang
Yama umareng Sanghyang Indra. Mulat ikang atat ring Hyang
Yama. Mawēdi ta ya. Sumurup ta ya maring palangka. Tumon pwa
Sanghyang Indra, ri swabhāwanya. Inujaran ira tang atat, matangyan
malayu: “Paran kawēdimu?” Sumahur ikang atat, lingnya: “Awēdi
pwa nghulun ring Hyang Yama”. “Ndan lēwihta kari takutmu ring

Sanghyang Yama, sangka ring wēdimwi ryaku?" Sinapan ira ta ya: "Jah tāsmat matya ko harah. Dhumawuha ring Yamaloka".

Ri samangkana wuwus Sanghyang Indra, pējah tekang atat. Ri wēkasan tan wēnang nghulun umuripakēna. Kunang kāla parananta wēnang pwa sira umuripakēna pati. Dadi ta sira dumulur mareng Sanghyang Kala, mamalaku uripa nikang atat.

Kunang sahur Sanghyang Kala: "Ring Hyang Indra, tan wēnang nghulun umuripakēna. Apan hulun tan pramaṇa ri ya. Tan wruh nghulun paran ing mati. Kunang pwa paranta sang Citraguptha. Patakēnanta uripa nikang atat. An sarika wruh paran ing mati. Ri denya pinaka citraloka. Bhaṭara wruh ing malwang matambēh ing janma sari-sari, mwang wruh ing lawasnya hana ring narakaloka mwang ring swarggaloka. Padha tinampakēni denya. Sira ta parananta kalih. Tumūta nghulun". Mangkana ling Sanghyang Kala.

Lunghā ta sira katiga mareng kahanan sang Citraguptha. Kinon ira umuripakēnang atat. Kunang tan sanggup sang Citraguptha: "Tan wruh nghulun umuripakēna ya. Kewlayaku wruh ring sangkan paran. Ya ta tinulisakēn inghulun, mwang suka duhkanya ring ihatra paratra. Mangka-na pawēkas Bhaṭara. Kunang ikang tēlas mati, maluya ta huripa, tan wēnang ika". Mangkana ling sang Citraguptha.

Kerangan Sanghyang Indra tan wēnang māmet hurip nikang atat, ri wēkasan māntuk ta sira. Nāhan tinon de Bhagawan Bhasubaga an magawe śloka:

*Yadaśakro yamāścewa, kālaśca bhagawan tathā,
Citraguptha samayanti, kadam pimreyate sukaḥ.*

Kalinganya: "Sanghyang Indra, Sanghyang Yama, Sanghyang Kala. Mareng sang Citraguptha, umet hurip nikang atat. Tathāpi tan waluya hurip. Yata matangyan, aywa kita kalarākēn ing pati". Kunang deyanta, kapatya nikang liman juga upayanta. yata kinabehan". Mangkana ling nikang wiyung. Sumahur ikang gagak: "Aywa sangsaya kita mitra. Nghulun mopaya patya nikang liman. Kadi sang Mpas mangalahakēn sang Garudha". Sumahur mitranya kabeh, lingnya: "Mapa kalah i sang Garudha dening Mpas? Apan ikang Garudha mahara i rikang Mpas". Nihan ndhak pacaritakēn:

Hana ya Mpas matuha. Wruh ing saptopaya. Inajaknya rowangnya kabeh, mojar ta ya: "He kamung Pas kabeh, apa tike upayanta? Yatanya sang Garudha tan pamangsa eng kita". Sumahur ikang Pas kasinoman: "Tan wruh nghulun māmet upaya. Sadenta juga tumūta nghulun

kabeh, ikang sayogyāngēnani denta, dumadyakēna kaswasthan ikang Pas kabhayan”. “Rahayu wuwusta yan mangkana”.

Hana upaya ning hulun, maneha i rika kabeh. Nihan tātāngēn atotohan sang Garudha, magēlis-gēlisan manabhrang eng tasik. Yan alah pwa kita, tambehana taḍah sang Garudha. Amēnang pwa kita, maryya kataḍah sang Garudha”.

